Щыуэпсыр зыгъэзэпIэзэрыт

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

НыбжьыщIэхэм яхуозэ

4-нэ нап.

Алан аргуэру бжьыпэр еубыд

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№11 (24.605) ● 2024 гъэм мазаем (февралым) и 1, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм къызэритамкIэ



Нэхъапэщ жылагъуэр зыхуэныкъуэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къалэ, щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэм тхьэмахуэ къэс ядрисгъэкIуэкI «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэр зэхэтащ. Абы щаубыхуащ 2024 гъэм зэлэжьыну къэрал, республикэ программэхэмрэ проектхэмрэ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщIэну лъэпкъ проектхэм трагъэкIуэдэнущ сом меларди 10-м нэс.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий** жиIаэм ятпкIэ иткIэ, абыхэм я нэхъыбэр жылагъуэр зыхуэныкъуэхэм, инженер, транспорт кIудамэхэм я зыужьынырэм хуэгъэпсауэ щытынущ. Абыхэм хеубыдэ муниципальнэ мыхьэнэ яIэу зэфIакIуэ-хыну щIыналъэ проектхэри: «Сабий къэс ирефIакIуэ», «Творчествэм и цIыхухэр», «Бжыгъэр зи тегъэщIапIэ дуней», «УФ-м и цIыхухэр хэкупсэу къэгъэтэджыпхъэщ», «ЩIалэгъуалэм защIэзыгъакIуэ система» («Урысейм и щIалэгъуалэр»), «Къалэхэм дэт псэупIэхэр зэIузэпэщ щIын», «Хущ1ипсэу мыхьэужыну унэхэр гъэмэщIэн», «ЩIыналъэ, щIыпIэ гъуэгу зэпыщIаxэр», къинэмыщIхэр.

Дыззэрыт зэманым Правительствэмрэ ахъшэ зыхуаутыпщыну муниципальнэ щIыналъэхэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIыпIэ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я унафэщIхэр къалэн зыщащIыжа лжьыгъэхэр и чэзум зэфIагъэкIыным нэхъ гумызагъэу кIэлъыплъын зэрыхуейр.

Республикэм и унафэщIыр щхьэхуэу къытеувыIащ дзэ Iэхуу хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зыщIагъэкъуэн, «Хэкур зыхъумэхэр» фондым рдэлэжьэн зэрыхуейм, къинэмыщIауэ дзэм хэтхэм папщIэ ягъэхьэзыр псапэхуэщIэ хьэ-лъэ-зешэхэр ягъэхьэзыру яутIыпщыныр гупльытэ хэха зыхуащIыпхъэ къалэну зэрыцытри къыхигъэщащ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ егъэджэныгъэм пыща Iуэхущ1ап1эхэм сабийхэр шхын пщтыркIэ щагъэшхэн зэрыхуейм, цIыкIухэр еджапIэм зэрыIуащэ щIыкIэм, щIыналъэхэмрэ муниципальнэ щIыпIэхэмрэ транспортыр зэрыщIэзекIуэм, администрацэхэм я лэжьакIуэхэр цIыхубэм зэрадэлэжьапхъэм зэрыкIэлъыплъыпхъэм.

Хабзэр къызэпемыгъэудыным кIэлъоплъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыдзэпемыгъэудыным теуауа зэзыгъэуIу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

АБы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщ1 **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, министерствэхэм, щIыналъэ администрацэхэм, хабзэхьумэ IэнатIэхэмрэ къулыкъущIапIэхэмрэ я унафэщIхэр.

Къызэхуосахэр тепсэлъыхьащ УФ-м и президент хэхьиныгъэхэр къэблагъэмэ, шыгагъэунащагъэр къызэрэпащыным, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум, абыхэм я пIалъэмрэ лжьыгъэм и фIагъымрэ хабзэм тету егъэкIуэкIыным, ныкъусаныгъэхэр къыщIэгъащыным зэрыкIэлъыплъым. Апхуэдэуи и гугъу ящащ мыпкъым теуауа щIэпхъаджагъэхэмрэ зи мыпкъ зыфIэщIуэдам къэоралыр зэрыдэIэпыкъумрэ теуауаэу ящIэхэм.

ЗэIущIэм щыжаIахэр и лъабжьэу хабзэр хъумэным теуауаэу къулыкъущIапIэхэр зэрызэдэлэжьэну унафэхэр къащтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и махуэхэр

«Урысей» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэзэхуэсым хьихьэу мы махуэхэм ВДНХ-м щIэщIыгъуэу щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и махуэхэр.

ЗЭХЫХЬЭ гуапэр къызэIуахащ «Культура: инвестиции в будущее» зэIущIэмкIэ. Абы хэтащ УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр **Любимовэ Ольгэ**, унэтIыныгъэм и экспертхэр.

- Зэхьыхь щхьэпэм хэт дэтхэнэми фIэхъус гуапэ фIыщхI. Мазищым нэблагъэуэ лажьэ «Урысей» выставкэ-зэхуэсыщхьэм къэралым и щIыналъэхэм я Iэхущ1ап1эхэм, жылагъуэ-политикэ IэнатIэхэм я зэфIэкIхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ щагъэльагъуэ, - жиIащ Любимовэ Ольгэ. - Нобэ дригушхуэу дытопсэльыхь махуэ къэс зэгуэсу зэдзэтщIэ лэжьыгъэм кIрикIуэхэм. Ди пщэдей зэрыхъунур щэнхабзэм куэдкIэ елъытащ. Илъэси 10 - 15 дэкIмэ, ди къэралыр зыхуэдэнур яубзыхунущ нобэ щIалэгъуалэр зэпIэ фильмхэм, зэджэ тхьилъхэм, зэдаIуэ уэрэдхэм. Театрым, кином е выставкэм и билетхэр зы дакъикъэм кIриубыдэу къыпхуощхэу. ТебгъэкIуадэ зэманми емыльытагъэ, абыхэм къуат гукъыдэжыр уи гъащIэ псокIэ пощIигъущ. Ди къэралым и щэнхабзэр гъунапкъэншэщ. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэхэм, диным щыщхэр къащтэ. Абыхэм хэлъхьэныгъэ ин хуащIащ нобэ тхьилмэну, дгъэбзагъэну къытпащIыпхъэ хъугъэфIыгъуэхэм. Ди къэкIуэнур зэпыщтэкар а хъугъэфIыгъуэхэр зэрытхъумэрщ, щIэблэр творчествэм зэрыдедгъэхьэхырщ. Щэнхабзэр егъэфIэкIуэн Iуэхум къэрал бюджетым щыщу хухах мылькум гъэ хэсх хохъуэ. Щэнхабзэм дыщIэ ехьулIэныгъэхэр абы къызэрыкIуэр нэрылъагъуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и выставкэр ВДНХ-м и пIанэпэ 75-нэм щагъэуващ. Ар къызэIуихащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэм къекIуэлахэм щIэщыгъуэ, гукъинэж ящIыхьащ яльэгъуахэр, ди щIыналъэм зэпыщIалъэгъуахэм зи ерпльыкIэхэр техуэхэм (КъБР-м и Парламентым и Унафэ №177-П-П, 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31).

Дафтэрхэр, ахэр зытеуха тхыгъэ кIэщIыр щIыгъуу, егъэхьыпхъэщ, копие хэсх къызыбгъэдэкI Iэхущ1ап1эм и мыхъур тету.

КъБР-м и Парламентым и Щ1алэгъуалэ палатэм теухуауэ къищта дафтэрым цент 56-рэщ. БлэкIа илъэсым и щIышлэщэкIэгъуэ мазэхэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыпсэухэм псори зэхэту унэ мин 30 ящIащ, ар метр зэбгъуэзнатIэу мелуани 4,6-рэ мэхъу. Нэхъыбэгъу унэр къызыхащIыкIыр чырбышрэ блокрщ. 2023 гъэм унагъуэ мин 18-м къэрал дэIепыкъунырэ ягъуэтащ, абыхэм кредиту сом мелард 70 кьащтащ. Нэхъыбэу къагъэсэбэпар «Унагъуэ ипотекэращ», ар процент 60-м ираташ.

Ахъшэ щIыхуэ худэчых иIэу ятын зэрыщIадзэрэ КИФДЩ-м щыщу унагъуэ мин 37-м щIигъум къащтащ. Абы къыщынэмыщIауэ, «Дом. РФ.» институтым программэ хэхакIэ бынунагъуэшхэхэм сом мин 450-рэ ярет, ипотекэр япшыныжьын щхьэкIэ. А Iэмалри къагъэсэбэпащ унагъуэ мини 155-м, абыхэм я щIыхуэм хагъэщащ а ахъшэр, е абыкIэ пшыныжьын яухащ.

«Дом. РФ.» институтым федеральнэ мылъкур къэгъэсэбэпыныкIэ и унафэщI Сароквашэ Николай зэрыжиIамкIэ, блэкIа илъэсым «Дом. РФ.»-м Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм щригъэжьагъэ аукционхэм щы гектар 28,5-рэ щащащ. Абы щыщу хэгъэгуащм щыIэ гектар 24-м унэ метр зэбгъуэзнатIэу мини 190-рэ тращIыхьыну я мурадщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закъуэ аукционым къышащта щы метр зэбгъуэнатIэ мини 5,6-м псэупIэ трищIыхьынущ, Дагъыстэнымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ «Къуажэ щIыпIэхэм зегъэужьын» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, аукционым къышащта щым унэ метр зэбгъуэнатIэ мини 185-рэ тращIыхьынущ. Иджыри гектари 4,7-м нэгъуэщI ухуэныгъэхэр щекIуэкIынущ, - жиIащ Сароквашэ Николай. - «Дом. РФ.»-м жыдэжру долажьэ Кавказ Ищхъэрэм хьихэ щIыналъэхэр. Ухуэныгъэм щынэхъыщхьэр ар зытращIыхьыщ щIыращ. Дэ, КИФДЩ-м хьихэ хэгъэгухэм ухуэныгъэ IэнатIэр щефIэкIуэн папщIэ, Iэмалу щIэр кахуэзэдгъэпэщынэ дыхьэзырщ, кьащIыгъэсэбэп федеральнэ щIыхэр хуит ирухэтщIу, микрорайонышIэхэр тращIыхьын папщIэ.

«Дом. РФ.»-м и фIыгъэкIэ блэкIа илъэсым КИФДЩ-м и щIыналъэхэм псэупIэу метр зэбгъуэнатIэ мин 47,5-рэ щащIащ. Жыджэру а Iуэхум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр (метр зэбгъуэнатIэ мин 38,8-рэ), Ставрополь крайр (метр зэбгъуэнатIэ мини 8,7-рэ). А илъэсым кIэриубыдэу Дагъыстэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я унафэщIхэм ухуэныгъэ тращIыхьыну щы метр зэбгъуэнатIэу мин 86,7-рэ щIыхуэхэм иращащ. «Дом. РФ.»-м хуит яхуищIа федеральнэ щIыхэм мы гъэм унэхэр тращIыхьынущ. Абыхэм ящIыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кIалащхьэм щауэхуэ «Налшык игу» псэупIэ комплекс иныр (псори зэхэту метр зэбгъуэнатIэ мини 145,5-рэ мэхъу). Аукционым къызэригъэувым ипкъ иткIэ, ар зыщI инвесторым унэу ихуам и процент 24-р ЗыужьыныгъэмкIэ институтым иритыжынущ.

Пресс-конференцым хэтахэр турист ухуэныгъэхэм я Iуэхур зыIутым щIэупщIащ. КъулыкъущIэхэм къызэрыхагъэщащ амкIэ, КИФДЩ-м и хэгъэгухэм кIуэ туристхэм я бжьыгъэм зэрыхэхъуам къыхэкIыу, ахэр щыпсэуну хьащIэщхэри нэхъыбэу щащI хъуащ. 2022 гъэм елъытауэ нэгъабэ ди щIыпIэм къэкIуа туристхэм я бжьыгъэр процент 17-кIэ хэхъуащ.

Къэбгъэльагъуэмэ, Урысей Федерацэм и хэгъэгуу турист нэхъыбэ дыдэ къыздэкIуар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэращ. Абы къыкIэлъокIуэ Смоленск областыр, ещанэр Карелиеращ.

ШЫПШ Даянэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм къызэритамкIэ

Нэхъапэщ жылагъуэр зыхуэныкъуэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къалэ, щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэм тхьэмахуэ къэс ядрисгъэкIуэкI «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэр зэхэтащ. Абы щаубыхуащ 2024 гъэм зэлэжьыну къэрал, республикэ программэхэмрэ проектхэмрэ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщIэну лъэпкъ проектхэм трагъэкIуэдэнущ сом меларди 10-м нэс.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий** жиIаэм ятпкIэ иткIэ, абыхэм я нэхъыбэр жылагъуэр зыхуэныкъуэхэм, инженер, транспорт кIудамэхэм я зыужьынырэм хуэгъэпсауэ щытынущ. Абыхэм хеубыдэ муниципальнэ мыхьэнэ яIэу зэфIакIуэ-хыну щIыналъэ проектхэри: «Сабий къэс ирефIакIуэ», «Творчествэм и цIыхухэр», «Бжыгъэр зи тегъэщIапIэ дуней», «УФ-м и цIыхухэр хэкупсэу къэгъэтэджыпхъэщ», «ЩIалэгъуалэм защIэзыгъакIуэ система» («Урысейм и щIалэгъуалэр»), «Къалэхэм дэт псэупIэхэр зэIузэпэщ щIын», «Хущ1ипсэу мыхьэужыну унэхэр гъэмэщIэн», «ЩIыналъэ, щIыпIэ гъуэгу зэпыщIаxэр», къинэмыщIхэр.

Мыслъымэт и лъагапІэхэр

«Псори мэжей, хъарзынэщ, иджыри зэман яІэщ», - жиІэу нэхущым щэхуу къыщІэкІыну къызэрІэтІысхьа Мыслъымэт зыри жымыІэу зиугъаохри, жэм шыпІэмкІэ игъэзащ. Жэщ псом зыгъэпсэхуа дыгъэм и бзийхэр Кавказ бгы лъагэхэм я щхьэкІэм щыпынащ. Уафэ джабэм пшэкІэплъ зыкъыщІри, махуэри лъэрыгъэм иуващ.

Къаскъуп Мыслъымэт и нэгу зэпыІуХам гуфІэгъуэ щІэтщ: мис аргуэру зы махуэ хъунэхуащ.

- Сыту гухэхъуэ, - Іущэщащ Мыслъымэт.

- Сыту гуапэ, сыту дахэ мы пщэдджыжьыпІэр! Псори хъарзынэт, ауэ мы пщэдджыжь пшэкІэплъ зыкъыщэжъуэзэхам ъэримыгъэплъэжьыжаІэ. Сыту пІэрэ и мурадыр? Арэ хъарзынэщ, дунейр зэрэхъунумкІэ ипэ иту хъыбар уегъашІэ, «зыгъэхъэзыр», - къыбжиІэ хуэдэу.

ЗиІэжьакъым си къалэным хуэпэж пщэдджыжь пшэкІэплъми: дунейр зыщІэуфбыщІэри, уэшх пІащэ «уц» жиІэу къыжьэжиІэу щІидзащ. Мыслъымэти и нэкІум щыІэбжьыр зыхиущІати, щхьэфІэпхьыкІэр зытрилъхьащ, кІагуэри зытриубгъащ. «Жэмхэр къэсыжьы, дыгъэри къуэнэхужьынщ», - жиІэу и гур игъэфІу етІысэжащ. Абдежым гукъэкІыжхэр къыщэрыдохьей...

Хэку зауэшхуэм иужь илъэс гугъуэхэри, гъэш фермэхэм Іэщыхъэхэр яхуриІэкъуртэжым. Абы къыщалажьыр зэрымащІэм къыхэкІыу щІыхуэр я ІэнатІэм яхуеІуалІертэжьым. Іэпщэ лэжьыгъэ гугъэт.

Балигъ хуэя я хъыджэбзым ІэнатІэ хуэхъунуи щегупсысэрт Мыслъымэтхэ я унагъэм. «Сыздэщыдэ фермэм сшэуэжмыш Іэщагъэм дезгъэхьэжмэ, дауэ хъуну пІэрэ? Сечэнджэщынщ абыкІэ унафэщІэжми езыми», - жиІэрт абы и адэ Яхьия. Абы къыдэкІуэу Мыслъымэт и анэми къызэпихитэкІыкІыртэ: «Балигъ мыхъу щІыкІэ, и ІэпкъыгъэмкІэр гугъуехьышхуэм иІэнтІэнщ...»

- «Комсомол щІалэгъуалэ фермэ» жыпІэ щхьэкІэ, сабий сад хъуакъым. Сыт илъэс пщыкІуу фІэкІа мыхъуа сабийм къыпхуищІэфынур, езыри Іэщ1Іупщ1 цІыкІуу. Махуэ псом жэм зытІущ къыхуэушІэн-къыхуэмышынщ. Хэт апхуэдэ пэжкаІуэ хуейр? - жаІэу фермэ унафэщІэхэм я щІыб къыщагъаззэм, а зэманым колхозым и унафэщІу щыта Мэлыхъуэ ФуІэд комсомол щІалэгъуалэ фермэм и пашэ Хьэмжу Шамхуэн зыхьугъэзащ: «Абы и адэр зауэм хэтащ, лІыгъэншаКъым, сэ дзыхь къыхсхуэупщІмэ, си нэІэ тезгъэтыну си пщэ дызолъхьэ. А цІыкІум жэмыш пашэ къыхэхІыну си гум жеІэ».

Абы и ужькІэ Іузхум «хьэуэ» къыхэкІакъым, тІэкІурэ Іэнкуна жьакІэ, Мыслъымэт зхуэап итащ: «Къыскъэфщі си унафэщ, слъэкІ къззгъэзнэкъым, фызмыгъэуКІытэу пэжыгъэм иужь ситынщ»...

Псоми я гум къишъыдыкІыну Мыслъымэт. Пэжу, абы зэкІэ къыпІысар Іэпыдзлъэпыдз лэжьыгъэр: пщафІэм дОІэпыкъу, шалъэхэр етхъущІыж, шкІащІэхэр шэ ирегъафэ...

- Ешэ ищІэркъым, зэІуэсм псэ хелъхьэ, сытуу дехъуІэ лэжьакІуэхэ. Дытыжьжащ, - жаІэ фермэм тес псоми. - Уэлэхьи, ар къыздэкІуэтёмэ, плъагунмэ зэрыхъуэр, республикэм щыпашэ Пащты Сэлимэ гъунэ къыдигъэпІынкъым, - жаІэрт Іэщыхъуэхэм.

- Дызэгъэхъуажэ лэжьакІуэхэ, - жиІэри зы махуэ гъэрыкІ Шамхуэн къэпъуІащ езанэ фермэм и унафащІ Зэкіуерей Хьэзиз.

- Хэт жыхуэпІэр?

- ЩІэуэ къащта хъыджэбз цІыкІурщ, Мыслъымэтыкі жыхуэсІэр.

- Ухуейти, уэ куэд. ПІыдзгунщ ар пашэ зэрыхъур. МафІэм хуэдэу, а цІыкІур, здынэмыс лэжьыгъэ фермэм къыщекІуэкІыркъым.

Апхуэдэ щІытхъу дахэ зыхужьаІэ хъыджэбзыр хуейт жэмышэмкІ нэхъ щІэхьІуэ яхьихьэну. Ар къыщыхьэуар Мыслъымэт щыгъупщэжыркъым.

- КІуэм жэм къыщІэ, - жиІэу абы фермэм и унафащІым зыкъыщыхуигъэзам, «пэжу пІэрэ мыбы жиІэр?» - чэнджэщащ ар. Иужькіэ, дамэ тетым хуэдэу, тІэу пкІэгъуэм бом къыщІухутащ хъыджэбзыр.

- Жэм псори къэшын пхуэмыуихми хуэфащэщ а текІуэныгъэхэм зи лажьыгъэфІ хэлъ Къаскъуп Мыслъымэт. Абы зэрихьэ дэтхэнэ зы жэмми щэ килограмм 3500-рэ къыщІишри, кьалэн зыхуигъэувжжами щІигъаГъуащ.

... Газетым тет указым Мыслъымэт и нэпсхэм къызэпижьыкІуэу ещанащ. И лэжьагъуэхэрэ и ныбжьыгъуэмрэ къехъуэхъурт, Хэкум къыхуигъафэщащ дамыгъэ лъапІэм папщІэ. Къаскъуным лажьыгъэм щыізыІэригъэхьа ехъуІэныгъэм щхьэкІэ «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденыр кьратауэ арат. Ар пщІэшхуэт. Абы мурад ищІат ешэр зданэса лъагапІэм и ныбжьыгъуэхэр дишыну.

- Иужьым колхозым сригъаджэу Іэщ дохутыру сыкъыщІидзыжа щхьэкІэ, нэхъ апІэуКІэ сэ Мыслъымэт куэдрэ сыдэлэжащ: шкІаХъуэуи жэмышуи, фІыуэ сыщыгъуаззщ и лэжьыгъам, - жеІэ Хьэщыкіуэ Мысост. - Мыслъымэт хуэдэу щыІэр зырызыхьэт. Абы и лэжьыгъэм дагъуэ хуащІын дэнэ къана, зыри кІэлъыплъртэкъым. Ящ1ыРт цІыхугъэ хэлъу, напІэ иЗу зэрылажьэр. Арат Мыслъымэт пщІэ щІыхуащІыр.

Псы куэд ежэхащ апхуэдэу Мыслъымэт лэжьыгъэм ерыщу гъэпытуРэ, ауэ ипэ дыдэ зы жэмым хуэззу щэ килограмм 4000 къыщыщІишар гуфІэгъэшхуэт абы дежкІэ. «Сынохъуэхъу, Мыслъымэт! Хэгъахъуэ адэкІи, дыпхуэарэзыщ, Тхъэм къэдрэ утхуигъэзынщэ», - тригъэгушхуэрт ар председателым.

Абы щыгъуэ Мыслъымэт мыпхуэдэу жиІаУэ щытащ: «Зэманыр гугъуами, ди мурадхэр къыдэхъуІащ. Си гугъэщ абы сыкъытемыувІыну, жэм къэс хуэззу щэ килограмм 4100-м нэзгъэсыну, ипэ увыпІэр субыдыну». А лъагапІэри ешІэтащ щытащ Мыслъымэт.

- «Красная Кабардэ» колхозым и унафащІ Мэлыхъуэ ФуІэд, республикэм къикІа санаторэ путёвкэ закъуэр Іэщ1ылъу зэпиплъыхьри егупсысащ: «Хэт зыхуэфащэр»? Хэт дгъэкІуэн? Къаскъуп Мыслъымэт. Аращ, нэгъэщІ зыгуэркъым: Ленин орденыр иІэщ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, «КъБАССР-м и и жэмыш нэхъыфІ Къаскъуп Мыслъымэт. СССР-м и дамыгъэ нэхъ лъапІэ Ленин орденыр Мыслъымэт зэрыратым и указым зэІуущІэр езыгъэкІыкІыр кьеджа иужькІэ, пэщышхуэм щІэсхэр къэтэджри, Іэгуауэшхуэ хуэІэтащ а бзыпхъугъэ гуащІафЭм. Абы щыгъуэ трибунэм кьраша Мыслъымэт жиІар ноби сщІэгъупщэжакъым: «Мы орденыр си заКъуэкъым къэзылэжьар, фэри фи лэжьыгъэшхуэ хэлъщ абы».

Дунейм сыт хуэдэ щытыкІэ иІэми, дащІащи кІыфІ зыхэту Мыслъымэт фермэм кІуэри, сабий минкъм я уэзышащІэр зыгъэбатэ ерыскъы Іэфыр иджыри тыгъэ яхуищІын щхьэкІэ. Ар куэд и уасэт. Пэжщ, абы хуэдэ цІыхухэр лІэщІыгъуэм ззщ дунейм къызэрытехьэр. Ауэ Къаскъуп Мыслъымэт ноби щІащІымыгъупщэр, куэдрэ ягу къыщІагъэкІыжьр.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.
Ислъэмей къуажэ.

Фэеплъыр цІыхугъэдахэщ...

● Жыжьэ - гъунэгъу

Укъызыхэкіа лъэпкъ, зи куэщІ урапІыкіа хэку, зи хьэуа къабзэмкІэ убауэ щыналъэ, щхьэхуитуу ущІупсэу лъахэ! Сыт щыІэн цІыхум дежкІэ абыхэм нэхърэ нэхъ лъапІэ, нэхъ гъунэгъу?! Дэтхэнэри уи лъым, уи лъм, уи псэм щыщ Іыхьэщ, лъытэныгъэу плъагъужьынри абы хуэпщІэрщ. А псалъэхэм ящІэлъ гупсысэр, къарыкІ мыхьэнэри я инагъыр хьэкъыпІэкІэ си фІэщ хъуащ иужьрей махуэхэм.

КЪЭБЗРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм цІыку щІагъуэ ису къыщІэкІынкъым ди ягъэ Президенту щыта КІуэкІуэ Валерэ зыжьыІыхуэ, имыцІыхуами, и щІэр зэхэзымыІэ. А лІы тельыджэр къызэралъхурэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу лэжьыгъэ пыухыкІа щемыкІуэкІа зы щІынальэ ильэ иІэу къыщІэкІынкъым ди лъахэм. СызэрегупсысамкІэ, КІуэкІуэ Валерэ щІэр а зы цІыху закъуэркъым зэхьэлІар, атІэ адыгагъэ, пэжыгъэ, захуагъэ, акъыпІыфІагъэ псалъэхэр къызэщІэзыІыбдэ хьэр ар. И насыпщ апхуэдэщІэ, апхуэдэпщІэ зи ужь кьизынэ цІыхум.

КІуэкІуэ Валерэ гъащІэ купщІафІэ къызэринэкІащ, абы теухуауэ лэжьыгъэ куэд щыІэщ, тхьлъ зыбжанэ ятхыжащ, къэрал унафэщІхэм къащІихуу, къалпытэу щытащ. Абыхэм блэпІыкІыбы сыхтхуэдфыгъуэм щІэхъуэпсын хуей цІыхур?! ЩЫІэщ иджыри зы – ар уи гъащІэ псом узыхуэлэжьа, узыхуэлэжа, уи псэр пытыху зифІ блэжьа уи цІыхубзм я арэзынышгъэ, абы и фІыльаГъуныгъэ мыухъжыщ.

Зы лІы гуэр Къэзанокъуэ Жэбагъы и деж кІуат, жи:

- Жэбагъы, си щІалэр гъэсэн сыт хуэдэ ныбжьыщ щІэздзэ хъуну? – жиІэри.

- Уи щІалэм сыт и ныбжь? – къеупщІащ Жэбагъы.

- ИльэсИх.

- Уэлэхьэ, щІалэ, а бын гъэсэн жыхуэпІэм ильэсихкІэ укъыкІэрыхуамэ.

КІуэкІуэ Валерэ и дуней тетыкІам сыщегупсыскІэ, Іэмал имыІэу мы хъыбарыр сигу къокІ, шэчи къытесхьэркъым а цІыху тельыджэр къыщыхъуа унагъуэм адыгагъ льагэрэ гъэсэныгъэ екІуэр зэрыщысхьІуам.

Мы си тхыгъэ кІапэр стхын щІэхъуам и щхьэусыгъуэр мащІэ-мащІэу сызэрысабийрэ зэтрихьэуРэ ноБэм къэсащ, иджыпстуи лей хуэну къысфІэщІыркъым, сыту жыпІэмэ цІыхуфІым утепсэлъыхьыным, ар уигу къэбгъэкІыжыным зэманэ хэкІа ищІэу. Іэ къэслъэхьркъым. ЛэжьыгъэмкІэ тегъэщІапІэ схуэхъуар Тыжьей къуажэм дэс си адэ Тхьэхъуахъуэ Хьэсэнбийщ.

Си адэр зыхалъхуар адыгэ лэжьакІуэ унагъуэт. Къуажэм пщІэ зыдыхуащІ Тхьэхъуэ-хуэхэ Милэрэ Хуцинэрэ щІалилпІ къащІэхуат: Хьэсэн, Муззбир, Хьэсэнбий, Джэбрэил. ПІныри лэжьакІуэшхуэт, уи гуащІэ дэкІа и хьер пшхьжьын нэхъ лъапІэ зэрыщымыІэр ягуми я псэми хэпщащэу къыдэкІуэтят. Гъэр кьихьамэ, жэщ-махуэ ямыІэу, ерыщу я лэжьыгъэм бГъэдэт, унагъуэм исхэм щалъагъур ззззмызззхэт. Сэ фІыуэ сыщыгъэзэт си адэм КІуэкІуэ Валерэ и цІыхуэ зэрыщытам, абыхэм я хьыбар къуэд дыщыщІыкІым дыщІэдэІуурэ дыкъыдэкІуэтят.

1960 гъэхэм икухэм Тыжьей къуажэм щызэхэта «Бгырыс Іуащ» колхозым и агроном щІалэщІэ КІуэкІуэ Валерэ къагъэкІуат. Зи хьэрэ зигугъэ зэтелъ щІалэр занщІэу лэжьыгъэм пэрыуващ, адерейхэм къащхьэщыкІ гукъыдэжрэ ерыщагъэ хэлъу. А зэманым колхозым и унафэщІу лажьэрт Валерэ и адэ къуэш нэхъыжь КІуэкІуэ Николай, ноби къуажэдэс нэхъыжьхэм зи цІыр гуапэу кьраГъэр. Си адэм зэрыжиІэмкІэ, колхозым и лэжьыгъэр къэІэтынымкІэ, егъэфІэкІуэныжьмкІэ, уеблэмэ къуажэр Совет Союз къэрал псом цІэрыІуэ щыщІыныжьмкІэ я къаурэр я зэфІэкІрэ еблэжьакъым тІури.

Совет къэралышхуэр, зыпІ и быну, лэжьыгъэр, гуащІэдэкІыр ину игъэпІапІэу, лъагэу иІэту ерыуэт. Зы щыщІыпІи щІэлъэкІыкІуэ и щІэрыкІыр. Хэт щыщІыпІи иубыдынщ. Комплексым хэтынущ спорт зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэхьэзэхуэхэр щебгъэкІыжкІ хьунэ залышхуэ, гимнастикэмрэ теннисымрэ, боксымрэ бэнэкІэзэмрэ зыщыхуагъэсэну, дохутырхэм, тренержэм я пэшхэр, абы нэмыщІ, спортсменхэм зыщахуэпэн, зыщыщагъэпэкІыжьын щыІэпІэхэр, нэгъэщІ зыхуеинуэрэ.

Ухуэныгъэшхуэм къыбГъуРыту тодпжэгу губгъуэ, алэрыбГъу Іэрыщ1 иубгъуэуэ, ящхуэнущ. Псори зэхэту метр зэбГъуэнатІэ мини 10-м нэблагъэ абы иубыдынщ.

Спорт ухуэныгъэхэр иджыриІ Іэмэпсымэхэмкіэ, зиІэльащІэхэмкІэ, зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщауэ щытынщ. Шэч хэлъхьам комплексыщІэм кьыхуаждэсхэр зэрыщыгуфІыкІыжьыр - ухуэныгъэр здыиэсам щІэх-щІэхьыуэ кІуэхуэрэ кІэпъолпъ щІалэгъуалэр, кьыщцызэІуахынур къахуэмыгъэсу.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Щхьэлыкъуэ и спорт ухуэныгъэхэр

«Къуажэхэм зегьэужьыныр» къэрал программэм инэхъ иткІэ, 2023 гъэм къыратэжьауэ Шэджэм щыналъэм хьыхь Щхьэлыкъуэ къуажэм спорт комплексэ тодпжэгу губгъуэрэ щауХуэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ зэрыщІадзэу, ухуэныгъэхэр щрагъэкІыну яубыдыкуа щыпІэм дежь щыта унэжьыр ирахри, щІэм и лъабжьэр яГъэтІылъащ. Иджыпсту блинджабэхэр чырбышкІэ дращІей, ахэр зэпагъэщхьэхукІ. Кьатитіу зэтет спорткомплексым ехьэлІа Шэджэм щыналъэм щымыІэу зэфІагъэкІынущ дызэрыт илъэсыи и кІэхэм ирихьэлІэу.

Ухуэныгъэм псори зэхэту метр зэбГъуэнатІэ 1200-рэ щымыгъэкІа жьлэфІ кьиГъэкІыным хущІэкъуРт, хэти гъавэ бзв кьрихьэлІэжьыным щІэхъуэпсыРт. Валери и хьуэпсапІэт тхьдэм къыхьэнэн Іухуу щхьэпэкІи и лъэпкъ хуэлэжьыну хуейр щхьэусыгъуэ гуэркІэ къыдэмыкІауэ, моуэ тракторыр игъэункІыфІри кьеха къудейуэ, Валерэ губгъуэм кьыхэлъэдащ, мэтэцыч эгуэтым теухуу. СІоэхъусыр зэфІэкІри, Іуэхур зыштеткІэ къыщІа ноужь, Валерэ щІэуэпщІащ:

- Даущ тщІыну, Муззбир, жащ псокІэ даущ дгъэхьэуэпсыну мы гуущІышыр?

- Уэлэхь, Валерэ, згъэхьэуЛеину сигу къыжьыхьэ, ауэ нышІэдзэрэ пІыдзгрэ сышхакъым, сыдыхьэжынщ, тІэкІу седзэкъэнщи, пысщІжьынщ.

- Іэу, пхуэзфІэкІын, Муззбир? – щабэу жиІи игъэунэжу жиІащ Валерэ.

- Уэлэхь, зыхуэзфІэдгъэжьынщ.

- Муззбир, моуэ къытетІысхьэт, – жиІэри и мэтэцычым тригъэтІысхьащ, кьуажэмкІэ имыгъазэу ДзугулыбгъуейкІэ дригъэзэйри, здэкІуэри имыщІу Валерэрэ я унэ ишащ.

Жьэрымэ дахэ къыхэщІыпх пщэфІапІэмкІэ Валерэ и анэ Зое кьыщІэкІащ.

- Ди анэ, моуэ хьэзыр тІэкІу щІэлэнэ, дегъэздзакъэт, - жеІэ Валерэ. Пластэ пщтыр кьрагъэджьыпагъэщІэрэ ящІы, губгъуэ лэжьагъэр, гъавэ къэгъэкІынкІэ зи пщэ дэлъыр сэращи, абы и унафэр зыщІынри, и жэуапыр зыхьхьжьынри сэращ», - жиІэрти. Лэжьакіуэжьу къэгъуэгурыкІуэ къуажэдэсхэри я гъуэщІ уеиГъ - мазаурэ жащри я зэхуэдэу губгъуэм итт, Валерэ бГъуРыту».

А псалъэхэр щыжиІэкІэ, си адэм гуапагъэ гуэр игу кьызэрыкІыжар и нэгу къощ, погуфІыкІри жеІэ: «АпхуэдизкІэ гуащІэрыпхьжьагъэр, гуащІэдэкІыр ину игъэпІапІэу, лъагэу иІэту ерыуэт. Іэ, лэжьыгъэм дыкьыпэрихшурэ дыщригъэздакъэ куэдрэ къэхъурт, а щІэтІатуэ, я щІэщыгъэмэщІащ, БРИКС-р хьэзырщ захуагъэмрэ мамырыгъэмрэ зи лъабжьэ дунейпсо зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэни хэлъхьэныгъэ хуэщІыну, - къыгъэлъэгъащ абы.

Мазаем и 1, *махуэку*

♦1829 гъэм Нэгумэ Шорэ Налшык къыщыщІэуихащ сабий нэхъ акъылыфІэхэр щрагъэджэну школ.

♦1929 гъэм Къэбардей-Балъкъэрым и къэрал хорыр къыщІэрагъэпэщащ.

♦1929 гъэм къалъхуащ КъБР-м щыхьэ зиІэ и артист **Къардэн Льостэнбий**.

♦1935 гъэм къалъхуащ археолог, шапсигъ лъахэжь, ушэрыкІэ **ТІэш Мадин**.

♦1936 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цыхьфІ тхакІуэ **Хуэшбей Пщымахуэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусу 4 - 6, жэщым щыІэр 1 градус щыхьнунущ.

Мазаем и 2, *мэрем*

♦Псы-псыпцІэ щІыпІэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Урыськым и Дзэ щІыхьым и махуэщ

♦1892 гъэм къалъхуащ хамэ къэралыр псэупІэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъуэм ящыщ, Кавказыр джыным елэжьа профессор, «Шарджэхэр къызэхьІэр» тхыльыр зи Іэдакъэщ1экІ **Нэмитокъуэ Айтэч**.

♦1898 гъэм къалъхуащ Франджым и ЛІыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхан**.

♦1929 гъэм къалъхуащ «Ленин гъэгу» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкІэ лэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Джауржий Іэбисал**.

♦1937 гъэм къалъхуащ комиди позитор, Адыгей къэрал университетым гъэздзэжьэмкІэ и институтым и япэ ректору щыта, УФ-мрэ АР-мрэ гъэздджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Кубаным щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, профессор **КІыкІ Хьмэт**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусу 5 - 8, жэщым щыІэр градус 1 - 0 щыхьнунущ.

Зыгъэхьэзырар
щхьэщэмыщІ Изэщ.

Дунеим щыхьыбархэр

Щ1ыщ1угъ1ын щ1ыэкъ1ым

Японием и къэрал унафэщІхэм къызэрагъэлъагъэузмкІэ, Курил хьІтыгухэм ятеухуа зэныкъуэкъур тэмэму зэфІахьмэ, Урыськым мамыр зэгурыуІэныгъэ къращІыІлІэнущ.

«ЯПОН-УРЫСЕЙ зэхущытыкІэр иджыпстукІэ хьэлъэщ, щІыналъэ Іэхуэхэм ешха упщІэхэм тращІыкъыкІыну унафэм елытауэ, ди зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэнкІ **ТІэш Мадин**.

И псалъэхэм къызэрыщыжьмкІэ, абы щыгъуэми Урыськым щекІуэкІ Іэхуэм ешха упщІэхэм тращІыкъыкІыну унафэм елытауэ, ди зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэнкІ **ТІэш Мадин**.

♦1936 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цыхьфІ тхакІуэ **Хуэшбей Пщымахуэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусу 4 - 6, жэщым щыІэр 1 градус щыхьнунущ.

♦Псы-псыпцІэ щІыпІэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Урыськым и Дзэ щІыхьым и махуэщ

♦1892 гъэм къалъхуащ хамэ къэралыр псэупІэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъуэм ящыщ, Кавказыр джыным елэжьа профессор, «Шарджэхэр къызэхьІэр» тхыльыр зи Іэдакъэщ1экІ **Нэмитокъуэ Айтэч**.

♦1898 гъэм къалъхуащ Франджым и ЛІыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхан**.

♦1929 гъэм къалъхуащ «Ленин гъэгу» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкІэ лэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Джауржий Іэбисал**.

♦1937 гъэм къалъхуащ комиди позитор, Адыгей къэрал университетым гъэздзэжьэмкІэ и институтым и япэ ректору щыта, УФ-мрэ АР-мрэ гъэздджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Кубаным щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, профессор **КІыкІ Хьмэт**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусу 5 - 8, жэщым щыІэр градус 1 - 0 щыхьнунущ.

Зыгъэхьэзырар
щхьэщэмыщІ Изэщ.

Лъэпкъ Іущ1ыгъэ:

Зи Іуэху мыхъунум фэндибгъу кІэрыщІащ.

Муслъымэт и лъагапІэхэр

● Япэ итахэр

Іэхуэкъым, зыри зи къыщІумыиэ закъуэ, зэ уесхуэкІэ, адрейхэр къыбдэзгъэІэпыкъунщ, - жиІэрт ар тригъэгушхуэу унафэщым.

Жэмыш пашэм и жэмхэр дзыхь кьыхуащІу пІалъэкІэ кьыззэрыратар гуапэ щыхъуат пщащэм. Мыслъымэт зыкъыщІэкІуэу щІидзащ. Мыслъымэтми и нэкІум щыІэбжьыр зыхиущІати, щхьэфІэпхьыкІэр зытрилъхьащ, кІагуэри зытриубгъащ. «Жэмхэр къэсыжьы, дыгъэри къуэнэхужьынщ», - жиІэу и гур игъэфІу етІысэжащ. Абдежым гукъэкІыжхэр къыщэрыдохьей...

Хэку зауэшхуэм иужь илъэс гугъуэхэри, гъэш фермэхэм Іэщыхъэхэр яхуриІэкъуртэжым. Абы къыщалажьыр зэрымащІэм къыхэкІыу щІыхуэр я ІэнатІэм яхуеІуалІертэжьым. Іэпщэ лэжьыгъэ гугъэт.

Балигъ хуэя я хъыджэбзым ІэнатІэ хуэхъунуи щегупсысэрт Мыслъымэтхэ я унагъэм. «Сыздэщыдэ фермэм сшэуэжмыш Іэщагъэм дезгъэхьэжмэ, дауэ хъуну пІэрэ? Сечэнджэщынщ абыкІэ унафэщІэжми езыми», - жиІэрт абы и адэ Яхьия. Абы къыдэкІуэу Мыслъымэт и анэми къызэпихитэкІыкІыртэ: «Балигъ мыхъу щІыкІэ, и ІэпкъыгъэмкІэр гугъуехьышхуэм иІэнтІэнщ...»

- «Комсомол щІалэгъуалэ фермэ» жыпІэ щхьэкІэ, сабий сад хъуакъым. Сыт илъэс пщыкІуу фІэкІа мыхъуа сабийм къыпхуищІэфынур, езыри Іэщ1Іупщ1 цІыкІуу. Махуэ псом жэм зытІущ къыхуэушІэн-къыхуэмышынщ. Хэт апхуэдэ пэжкаІуэ хуейр? - жаІэу фермэ унафэщІэхэм я щІыб къыщагъаззэм, а зэманым колхозым и унафэщІу щыта Мэлыхъуэ ФуІэд комсомол щІалэгъуалэ фермэм и пашэ Хьэмжу Шамхуэн зыхьугъэзащ: «Абы и адэр зауэм хэтащ, лІыгъэншаКъым, сэ дзыхь къыхсхуэупщІмэ, си нэІэ тезгъэтыну си пщэ дызолъхьэ. А цІыкІум жэмыш пашэ къыхэхІыну си гум жеІэ».

Абы и ужькІэ Іузхум «хьэуэ» къыхэкІакъым, тІэкІурэ Іэнкуна жьакІэ, Мыслъымэт зхуэап итащ: «Къыскъэфщі си унафэщ, слъэкІ къззгъэзнэкъым, фызмыгъэуКІытэу пэжыгъэм иужь ситынщ»...

Псоми я гум къишъыдыкІыну Мыслъымэт. Пэжу, абы зэкІэ къыпІысар Іэпыдзлъэпыдз лэжьыгъэр: пщафІэм дОІэпыкъу, шалъэхэр етхъущІыж, шкІащІэхэр шэ ирегъафэ...

- Ешэ ищІэркъым, зэІуэсм псэ хелъхьэ, сытуу дехъуІэ лэжьакІуэхэ. Дытыжьжащ, - жаІэ фермэм тес псоми. - Уэлэхьи, ар къыздэкІуэтёмэ, плъагунмэ зэрыхъуэр, республикэм щыпашэ Пащты Сэлимэ гъунэ къыдигъэпІынкъым, - жаІэрт Іэщыхъуэхэм.

- Дызэгъэхъуажэ лэжьакІуэхэ, - жиІэри зы махуэ гъэрыкІ Шамхуэн къэпъуІащ езанэ фермэм и унафащІ Зэкіуерей Хьэзиз.

- Хэт жыхуэпІэр?

- ЩІэуэ къащта хъыджэбз цІыкІурщ, Мыслъымэтыкі жыхуэсІэр.

- Ухуейти, уэ куэд. ПІыдзгунщ ар пашэ зэрыхъур. МафІэм хуэдэу, а цІыкІур, здынэмыс лэжьыгъэ фермэм къыщекІуэкІыркъым.

Апхуэдэ щІытхъу дахэ зыхужьаІэ хъыджэбзыр хуейт жэмышэмкІ нэхъ щІэхьІуэ яхьихьэну. Ар къыщыхьэуар Мыслъымэт щыгъупщэжыркъым.

- КІуэм жэм къыщІэ, - жиІэу абы фермэм и унафащІым зыкъыщыхуигъэзам, «пэжу пІэрэ мыбы жиІэр?» - чэнджэщащ ар. Иужькіэ, дамэ тетым хуэдэу, тІэу пкІэгъуэм бом къыщІухутащ хъыджэбзыр.

- Жэм псори къэшын пхуэмыуихми хуэфащэщ а текІуэныгъэхэм зи лажьыгъэфІ хэлъ Къаскъуп Мыслъымэт. Абы зэрихьэ дэтхэнэ зы жэмми щэ килограмм 3500-рэ къыщІишри, кьалэн зыхуигъэувжжами щІигъаГъуащ.

... Газетым тет указым Мыслъымэт и нэпсхэм къызэпижьыкІуэу ещанащ. И лэжьагъуэхэрэ и ныбжьыгъуэмрэ къехъуэхъурт, Хэкум къыхуигъафэщащ дамыгъэ лъапІэм папщІэ. Къаскъуным лажьыгъэм щыізыІэригъэхьа ехъуІэныгъэм щхьэкІэ «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденыр кьратауэ арат. Ар пщІэшхуэт. Абы мурад ищІат ешэр зданэса лъагапІэм и ныбжьыгъуэхэр дишыну.

- Иужьым колхозым сригъаджэу Іэщ дохутыру сыкъыщІидзыжа щхьэкІэ, нэхъ апІэуКІэ сэ Мыслъымэт куэдрэ сыдэлэжащ: шкІаХъуэуи жэмышуи, фІыуэ сыщыгъуаззщ и лэжьыгъам, - жеІэ Хьэщыкіуэ Мысост. - Мыслъымэт хуэдэу щыІэр зырызыхьэт. Ар лэжьыгъэм дэнэ къана, зыри кІэлъыплъртэкъым. Ящ1ыРт цІыхугъэ хэлъу, напІэ иЗу зэрылажьэр. Арат Мыслъымэт пщІэ щІыхуащІыр.

Псы куэд ежэхащ апхуэдэу Мыслъымэт лэжьыгъэм ерыщу гъэпытуРэ, ауэ ипэ дыдэ зы жэмым хуэззу щэ килограмм 4000 къыщыщІишар гуфІэгъэшхуэт абы дежкІэ. «Сынохъуэхъу, Мыслъымэт! Хэгъахъуэ адэкІи, дыпхуэарэзыщ, Тхъэм къэдрэ утхуигъэзынщэ», - тригъэгушхуэрт ар председателым.

Абы щыгъуэ Мыслъымэт мыпхуэдэу жиІаУэ щытащ: «Зэманыр гугъуами, ди мурадхэр къыдэхъуІащ. Си гугъэщ абы сыкъытемыувІыну, жэм къэс хуэззу щэ килограмм 4100-м нэзгъэсыну, ипэ увыпІэр субыдыну». А лъагапІэри ешІэтащ щытащ Мыслъымэт.

- «Красная Кабардэ» колхозым и унафащІ Мэлыхъуэ ФуІэд, республикэм къикІа санаторэ путёвкэ закъуэр Іэщ1Іупщ1 зэпиплъыхьри егупсысащ: «Хэт зыхуэфащэр»? Хэт дгъэкІуэн? Къаскъуп Мыслъымэт. Аращ, нэгъэщІ зыгуэркъым: Ленин орденыр иІэщ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, «КъБАССР-м и и жэмыш нэхъыфІ Къаскъуп Мыслъымэт. СССР-м и дамыгъэ нэхъ лъапІэ Ленин орденыр Мыслъымэт зэрыратым и указым зэІуущІэр езыгъэкІыкІыр кьеджа иужькІэ, пэщышхуэм щІэсхэр къэтэджри, Іэгуауэшхуэ хуэІэтащ а бзыпхъугъэ гуащІафЭм. Абы щыгъуэ трибунэм кьраша Мыслъымэт жиІар ноби сщІэгъупщэжакъым: «Мы орденыр си заКъуэкъым къэзылэжьар, фэри фи лэжьыгъэшхуэ хэлъщ абы».

Дунейм сыт хуэдэ щытыкІэ иІэми, дащІащи кІыфІ зыхэту Мыслъымэт фермэм кІуэри, сабий минкъм я уэзышащІэр зыгъэбатэ ерыскъы Іэфыр иджыри тыгъэ яхуищІын щхьэкІэ. Ар куэд и уасэт. Пэжщ, абы хуэдэ цІыхухэр лІэщІыгъуэм ззщ дунейм къызэрытехьэр. Ауэ Къаскъуп Мыслъымэт ноби щІащІымыгъупщэр, куэдрэ ягу къыщІагъэкІыжьр.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.
Ислъэмей къуажэ.

Хьэхъупащ1э Амырхъан Жэбрэ1ил и къуэр

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Лениным и кхъэлэгъунэр

БлэкІа мазэм и 24-м илъэси 100 ирикъуащ дунейпсо пролетариатым и вождь Ленин (Ульянов) Владимир дунейм зэрехыжрэ. Сыт хуэдзу къальытэми, ар дэ дызыщыпсэуа икІи дызэрыгушхуэу щыта Сочет къэрал абрагъуэм и къызэгъэпэщакІуэтэ, газетхэр а Іуэхум блэкІакъым. Хэбгъэзыхьмэ, тхыгъэшхуэхэр траухащ! ДгъэщІагъуар зыщ: нэхъапэхэм мы щыхум и Іуэхущафэхэр убалъэм илъу къагъэлъэгъуамэ, иджы нэхъ зэпэщэчауэ, фЫри Іейри зэрагъапщэу абыхэм зэрыбгъэдыхьарщ. Ар щыхьэт техъуащ ди блэкІам и лъапІэныгъэ псори хэутэн щащІу щыщыта лъэхъэнэр къимыгъэзэжыну зэриухам.

ХЭБГЪЭЗЫХЬМЭ, абы кІэ иритагъэнущ Лениным и хьэдэр Мавзолеим къыщІахуэу щысым щІалъхьажьмэ зэрыхуейм е зэрыхуэмейм теухуа псалъэмакъым (къэралым и гъащІэм и деижІэ абы мыхьэнэ гуэр иІэ хуэдэ!). Ар пІалъэ кІыхькІэ ягъэувыІауэ къыщІэкІынущ.

СССР-м и къызэгъэпэщакІуэм и гугъу щащІкІэ фІэкІыпІэ имыІэу къыдрагъэжей абы и унафэм щІэту ирагъэкІуэкІа Октябрь социалист революцэ Иным, абы иужькІэ къэхъея Граждан зауэм цІыху куэд дыдэ зэрыхэкІуэдар, къэралыр лІэн-къэнэн щытыкІэм иригъэувауэ зэрыщытар. ЩІэуэ къэунэхуа тхыдэджэхэм ахэр къэзыгъэхъуа щхьэусыгъуэхэм блэкІмэ нэхъ кьащтэ. Абы щыгъуэми, ахэр пльагъэн щхьэкІэ ерджагъэшхуэ хэІэтыкІауи ущытын хуейкъым, къызэрыгуэкІщи. ЖЫпІэну ирикъунщ пащтыхь Іуэху зехьэкІэм и зэранкІэ Урысейр европей къэралхэм сыт и лъэныкъуэкІи къакІэрыхуауэ зэрыщытар. Ар зэманым зэрызэгъыкъэ куэд щІат. Адрейхэр буржуазие демократием и гуэрыгум теуват монархием и властыр хэпщІыкІыу ягъэмащІэри.

Николай ЕтІуанэр къыткеІыртэкъым езыр къызыкэкІа Романовхэ тахътэм зэритІысхьэрэ зытета хабзэхэм (зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэм я гугъу тщІынкъым). ЛІэщІыгъуэкІэрэ зытрихьат щІыхэм яку дэпІ зэщхьащІыныныгъэр, абы кьыхэкІыу зэпымыууэ зэщІэплъэт мыарэзыныгъэр. «Зы лІыр джэдыгуфІгъэрэ лІибгъур джэдыгуншэу» хабзэм егъэщІылІа мызахуагъэ щхьэ къыздэкІуейрт. Абыхэм я Іэужьт мэкъумэшыщІэ восстанэхэри, декабристхэм зэрызыкъаІэтари, пащтыхь властым и бийуэ къэунэхуа зэщІэхъеенныгъэхэри.

ЩытыкІэм зэхъуэкІыныгъэ халъхьэну зыхуэзфІэкІар Ленин Владимиррэ абы и блыгуащІэхэмрэщ. Ар гуфІэщІэхами къэхъуну Іуэхут, гугъуэхь инхэри, нэщІабжьэ хьэлъэхэри пыщІауэ зэрыщытынуми щэч хэлъкъым. Абы кьегъэльагъуэ а цІыхур акъылыфІэ дыдэу икІи мышынэу зэрыщытар.

Урысейм иубыда лъэпкъхэр дакъузэу зэрыщытар-щэ? Лениншъ псори хуитныгъэкІэ зэхуэдэным теухуа лъэпкъ политикэр езыхьэжьар. Абы кьыдэкІуэу псоми зэхуэдэ хуитныгъэ яІэн хуейт щІэныгъэм лъэІесын и лъэныкъуэкІэ. А псоми нэхъ ягъэ итыр псэуКІэкІэ, кьызыхэкІакІэ яку дэлъа мызахуагъэр зэрагъэкІуэдыжарщ. Абыхэм апхэдизу куэд тражьыІыхьащ, хэбгъэзыхьмэ, утепсэльыхьыну щІэщыгъуэжькъым. КьыхэдгъэщІын кьудейщ: Лениным и цІэр ящыгъупщэнукъым. Ар ди тхыдэщ, ди блэкІащ.

Иджы зыгуэрхэм яхуемыгъэхьу я бгъэм телъ МавзолеймкІэ дгъэзэжынщ. Мыпкъушхуэ бгъэдэмыпІьамИ, зыхуей зыгъэзэгъэкІуэкІа Октябрь социалист революцэ Иным, абы иужькІэ къэхъея Граждан зауэм цІыху куэд дыдэ зэрыхэкІуэдар, къэралыр лІэн-къэнэн щытыкІэм иригъэувауэ зэрыщытар. ЩІэуэ къэунэхуа тхыдэджэхэм ахэр къэзыгъэхъуа щхьэусыгъуэхэм блэкІмэ нэхъ кьащтэ. Абы щыгъуэми, ахэр пльагъэн щхьэкІэ ерджагъэшхуэ хэІэтыкІауи ущытын хуейкъым, къызэрыгуэкІщи. ЖЫпІэну ирикъунщ пащтыхь Іуэху зехьэкІэм и зэранкІэ Урысейр европей къэралхэм сыт и лъэныкъуэкІи къакІэрыхуауэ зэрыщытар. Ар зэманым зэрызэгъэкІэрэ куэд щІат. Адрейхэр буржуазие демократием и гугъум теуват монархием и властыр хэпщІыкІыу ягъэмащІэри.

ЩытыкІэм зэхъуэкІыныгъэ халъхьэну зыхуэзфІэкІар Ленин Владимиррэ абы и блыгуащІэхэмрэщ. Ар гуфІэщІэхами къэхъуну Іуэхут, гугъуэхь инхэри, нэщІабжьэ хьэлъэхэри пыщІауэ зэрыщытынуми щэч хэлъкъым. Абы кьегъэльагъуэ а цІыхур акъылыфІэ дыдэу икІи мышынэу зэрыщытар.

Урысейм иубыда лъэпкъхэр дакъузэу зэрыщытар-щэ? Лениншъ псори хуитныгъэкІэ зэхуэдэным теухуа лъэпкъ политикэр езыхьэжьар. Абы кьыдэкІуэу псоми зэхуэдэ хуитныгъэ яІэн хуейт щІэныгъэм лъэІесын и лъэныкъуэкІэ. А псоми нэхъ ягъэ итыр псэуКІэкІэ, кьызыхэкІакІэ яку дэжанэкІэ зэмыкІуэкІын ящІащ - цІыхухэр къыІуплъэжьыхьІэ. ЩІышылъэм и 27-м щІалъхьэну траухащ. А зэманым ирихьэлІэу Утыку Плъыжьым и бгъэм пхъэм кьыхэщІыкІа Мавзолей щаухуат. Абы и щІагъыт зыщІалъхьэн хуейр. Зэрыбелджылыщи, Мавзолейр ягъэщІыкІэ кхъэлъэгъунэу щытащ. Махуищым кьуиубыдэу цІыху мелуаным щІигъу лІам Іуплъэжащ. ЩІыІэр градус 30-м щІигъу пэтми, цІыху минхэр зэхэтт, чэзур кьащІылъысынум пэплъэу. Апхэдэу щыхьум, хьэдэр Мавзолеим щІалъхьэри, ар зэхуамышІыну мурад ящІащ кьакІуэхэр зэпыхуэу. Ауэ кІэ иІэтэкъыми, махуищ кьэс ягъэІэпхьуэу хуежьащ, гъатхэпэр кьэсыху. ИтІанэ кьагурыІуащ, хуабэр кьызэрыкІуэм и зэранкІэ, афІэкІа зэрахуэмыхьумэжьыфынур.

ПІалъэ кІыхь дыдэкІэ хьэдэр зэрахьумэну Іэмал кьагупсысыну кьыхэзылъхьар Сталин Иосифрэ кьэрал щІыб сатумкІэ цІыхубэ комиссар Красин Леонидрэщ. Іэзэгъуазэхэм дахьэхьрти, иужьрейм кьыфІэщІырт зэман дэкІмэ, хьэдэр кьиГъэсэужьфынур. Дин щІэныгъэм и гъэдэль Сталиным къытІыпэрт хьэдэр ягъэува хабзэхэм утекІ зэрымыхъунур цІыху мелуанхэм япхрызыгъэкІ дамыгъэу къэбгъэсэбэп хъуну.

Зыхуеину Іэмэпсымэхэмрэ хущхъуэхэмрэ ГерманиемкІэ кьаршри, профессор Абриковсовыр зи пашэ дохутыр гупыр Іуэхум яужь ихьащ. АрщхьэкІэ пІалъэ кІыхькІэ яхуэмыхьумэфынкІэ шынэрт. Мыбдеж кьыщыкъуэкІащ биохимик Збарский Борисрэ паталогоанатом Воробьёв Владимиррэ. Абыхэм 1924 гъэм и гъатхэпэм и кІэм щІадзащ хьэдэр бальзамкІэ псыхьыным ехьэлІа лэжьыгъэзэм.

1924 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м совет цІыхухэм жраГащ Лениныр сыт щыгъуи зэрагъэсэнр, а илъэс дыдэм щыщхьэгъуэм и 1-м Мавзолеим и бжэхэр кьызэІуахащ.

СССР-р лъэпІэжа иужь властыщІэхэм Мавзолейр зэхуащІжакъым, ауэ ар Іыгъыным трагъэкІуадэр зыкъомкІэ ягъэмэщІащ. Иджы, ипэкІэ кьызэрыхэдгъэщащи, вожду щытам и хьэдэр щІым щІалъхьэным теухуа псалъэмакъэр ужьыхьащ. Лениныр, зэрыжаІэщи, дяпэкІи кьытхэтыну кьыщІэкІынущ.

ШАЛ Мухьэмэд.

Ашшурбанэпал и тхылъ хъумапІэр

ЛІэщІыгъуэ блэкІам икуэхэм хуэзэу, Тигр псыежэхым и Іуфэм деж археологхэм зы Іуащьхьэшхуэ къыщагъэтыжауэ щытащ. КьызэрыщІэкІамкІэ, ар Ассирие жьыхуаІэ пасэрей къэралым и щыхьэр Ниневие къалэрат, абы и зэманыгъуэр ирихьэлІащ ди эрэм ипэкІэ VII лІэщІыгъуэм.

ПАСЭРЕЙ щэнхабзэхэм я гугъу щІэх-щІэхыурэ щІэтщІым щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэщ. Ди лъэпкъым тхылъымпІэм е нобэ зи гугъу тщІым ещхьу, ятІэм кьыхэІущІыкІаУэ щІэныгъэ фэеплъ кьызэрыщІэмынам акъылыр тыншу пхуегъэзэгъыркъым. Абы кьыхэкІыу, ялэрауэ, апхэудэ хьугъуэфІыгъуэхэр кьызэзынэкІахэм ар кьаздрехьулІа щІыкІэр тфІэгъэщІэгъэщІ. Щхьэусыгъуэ етІуанэр икІи нэхъыщхьэр - нобэ ди тхыдэр эдгъэщІэжьыну, зыгуэркъ кьэдгъэуэтыжьыну дыхуейкъу жыпІэ пэтми, щхьэгъэпщэж хуэгъэфащэнгъэхэр куэд мэхъу, ауэ щІыкІэ щІэныгъэкІэ узэджэфынум дихьэхыр зэрымащІэрщ, зыхэдмыщыкІыр нэхьыбэжщ.

«Ашшурбанэпал и библиотекэ», «Куюнджик и тхылъ хъумапІэ» - а фІэщыгъэ псори зытеухуар Ниневием и пащтыхьу щыта Ашшурбанэпал и цІэм епха щэнхабзэ щІэнныгъ.

Зорыгрыйуэгъуэщи, мы мы кьыщагъэтыжа тхылъхэр зэрытхар тхылъымпІэтэкъым, ятІэ чырбыш гъэжам кьыхэІущІыкІа хьэрфхэмкІэт. Фи нэгу кьыщІэвгъэхьэт, чырбышыр быдэ мыхъу щІыкІэ зыгуэр тефтэху, ар хьэкум щывгъэгъуащІыжу. Апхэудэ гуэрщ мы «ятІэ пхъэбгъуэхэр» жьыхуаІэу, тхыдэм и щІэныгъэ хъумапІэу кьыщІэкІар. Зэман кІыхькІэ ахэр кьагъуэтыж пэтми, итым щыри кьемыджэфу щытащ. Хуэмурэ щІэныгъэлІэхэм зрагъэщІащ ятІэ пхъэбгъуэхэм тет, шумерхэм, мужькІэ аккадхэм я бзэр.

Ашшурбанэпал и библиотекэм апхэудэ ятІэ пхъэбгъу цІыкІуу мин 30-м нэс кьыщагъэтыжащ. «Іэрытхэр мафІэм исырхьым» жаІэркъэ? Ниневием кьыщыкъуа мафІэсхэми хиубыдат Ашшурбанэпал и библиотекэри, ауэ ятІэр мафІэм исыным и пІэкІэ, нэхъ быдзэж ищри, нэхьыфІыжу хъумэ хъуащ.

ЗэрыжьитІауэ, мы пасэрей ятІэ пхъэбгъу цІыкІухэм тет тхыгъэхэр нэхьыбэу зыхухахьэр шумер, аккад бзэхэрщ. Итэрейхэр хуэмурэ текІуэтри, а бзэмкІэ ящІэ псори аккадбзэкІэ ятхыжащ. Пасэрейхэм пщІэшхуэ хуащІу щытащ нэгъуэщІыбзэкІэ зекІуэ тхыгъэхэм, абы и фІыгъэкІэ бзитІымкІи кхрахьэлІа щэнхабзэр кІуэдакъым.

Нобэ щымыІэж Ассириер ялэу кьаралыгъуэ архив зэхуэзыхьэса щІынальэу пхужьІэнущ. Мэкъумэщым, дзэм теухуа тхыгъэхэр, пащтыхьым кьыщта унафэхэр – а псори щызэхуэхэсащ Ниневием дэта библиотекэм. Тхыдэм теухуа хьэбархэр, медицинэм епха хущхъуэ зэхэлъхэкІэхэр, уеблэмэ шумерыбзэр кьызэрипхыну псалъалъэхэр - а псори кьыщежьар Ассирие библиотекэрщ. Ауэ цІэ зэрихьэр Куюнджик щІепхар, нобэрей картэмкІэ ар Тыркым щыІэ а щІыпІэм зэрыхиубыдэрщ.

Псо дыдэри мыбы и закъуэ щызэхуахьэса кьыщІэкІынкъым. ПІэрэзхьэну щыта къэралым кьызэуа пІэлъэ щыкІуэхэм я дежи зыгуэркъэр кьызэрыришам щэч хэлъкъым. А псори зи фІыгъэр хэт? Тхылъхэр фІыуэ зыльагъуу щыта пащтыхь Ашшурбанэпалщ. Пасэрей КьуэкІыпІэм щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъу иса пащтыхьэм ящІ ар. И адэ Ассаргадон и къуэр кьады нэхъыщхьэ ищІыну хуейти, а зэманым щыхум ищІапхъэу кьалъытэ псоми иригъэджащ. Арати, щІэныгъэм хэлъабгъэ адэм ешьи и къуэпсалІэхэм и къуэр тригъэІэбащ. Пащтыхьым и унафэкІэ тхыгъэхэр кьызытыкІ «тхыкІуэхэр» мин бжыгъэкІэ щылажьэрт и сэрэйм. Езыр щыпсэуа унэшхуэм и етІуанэ къатым щыщ пэш зыбжанэ тхылъ е ятІэ пхъэбгъу фІэкІа щІэмыльу щытащ.

Ассириер лъэрызехьэу зэрыщытар щІэныгъэкІэ зэрыерыщам ирупхыфынущ. Пасэрей Мысырым ныгъуэ кьаубыдауэ щытащ абыхэм икІи илъэс 20-кІэ Египетыр Ассирием и унафэм щІэтащ. Ялэрей картэхэри кьыщагъэтыжар мы щІыпІэращ. Абы я псалъалъэхэм я фІыгъэкІэщ иджырей археологхэм Іэмал зэрагъэтар ятІэ пхъэбгъуэхэм ит тхыгъэхэм кьеджэну.

Нобэ цІыхур зыщыгъуазэ щІэныгъэмкІэ зыужьыныгъэкІэ нэхъ лъагэу щытар Месопотамие жьыхуаІэ, Тиррэ Ефратрэ я зэхуакум щыІа щІыналъэхэращ. Пасэрей астрономхэри, хьисэп щІэныгъэлІэхэри, географиемкІэ Іэзэхэри, медициНэ Іэщ Іагъэкі ялэ ищхьэри кьыщагъэтыжыр мыбдежьщ.

Сыт хуэдэ тепІъэ зэрытар а кьагъэуэтыжа библиотекэм щІэлъаэхэр? Дауи, апхэудэ «ятІэ тхылъ» птхыныр Іуэху цІыкІуэтэкъым икІи тынштэкъым. Хэт кІыхьагъкІэ сантиметр 45-м нос, хэт нэхъ инщ е нэхъ цІыкІущ. Я нэхъыбэр инагъкІэ дэ блокноткІэ дызэджэ жьыпхъэм итщ. ЯтІэ пхъэбгъур мащІэу ягъэуцІынырт, Іуданэкіэ сатырэхэр тращІыхьырти, абдежьым тратхэу зыщІэкІынт я тхыгъэхэр. Хьэзыр хуэ тхылъхэр дыгъэм щагъэгъуащжьыт е хьэкум иралъхьэрти ягъэгъуртщ.

Иджы зэгъусэу девгъэгупсысыт. Дэнэ адыгэхэм «тхыгъэ», «тхыпхъэ» псалъэхэр кьыздрахар. Хуэбгъэфащэ зэрыхъмкІэ, ар зэхар мы зи гугъу тщІы ятІэ пхъэбгъуэхэщ. Абыхэм тращІыхь тхыпхъэхэр е тхыгъэхэр зэрызрежьа мыхьэнэм тету адыгэбзэми кьиштащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, фащэхэм тращІыхь тхыпхъэхэр иджы кьыпхумыхьыж тхыгъэу, мыхьэнэ пыуыкІа зиІэ псалъэу хуэзыгъэфащэу щытыІэщ.

ЯпэУ мы библиотекэр кьыщагъэуэтар 1841 гъэрщ. Ар апхэудэкІэ хъыбарышхуэти, Франджым щыщ археолог Боттэ Поль-Эмиль и Хэкум телеграммэ иригъэхьауэ щытащ Хьэрыпым иригъэхри: «Си гугъэмкІэ, пасэрей ухуэныгъэхэр зэрыщытащ. Мыр зыхуйбыдэр Ниневием и зэманыгъэрщ». Ауэ Боттэ кьыІэрыхьар абы и зы Іыхьэщ. 1852 гъэм нэхъ цІэрыІуэу щыта археологхэм хабжэ Лайярд Генри Ашшурбанэпал и сэрейр зэрыщыту кьыщІэтыкІыжри, абы кьыщагъэтауэ щытащ ятІэ тхылъхэр. Кьэралыгъуэр кІуэджыхьу ар пащтыхьхэм кьагъэсэбэнащ. ГъэщІэгъэнраци, кьагъэтыжа пэтрэ, псори здаХь Великобританием ар иджыри илъэс щэщІкІэ зыми кьыфІэмыІуэхуэу щыщагъэльащ, кьызэремыджэфым кьыхэкІыу. А псом кьитхраци, щэныгъэр гъэтыгъуейщ, ауэ кІуэдыжьыгъэфІащ. «Тхэн, тхын» - адыгэ псалъэхэм я мыхьэнэр апхэудэу жьыжэ щыІэбэкІэ, кьэттыхьхуапхъэр мащІэжьым.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм

Кавказ.РФ зэгухьэныгъэм зэрызыхуигъэувыжамкІэ, Іуащьхьэмахуэ дыгъапІэмкІэ гъэза и джабэ нэкІуэхэм ящыщ зым 2024 гъэм щыхуэнущ бгыжь уардэм дэкІыну зезыпщытхэр кьыщыззтеувыІэхуну «Альпгородок» тэхъуанэщІэр.

ЕГЪЭЗЫПІЭМ и зы Іыхьэ «Городок» хьэщІэщыр шыщхьэУуэм хьэзыр хъунущ. Ар метр 3900-рэ зи лъагагъ щІыпІэм тетынущ, нэху укъызэрыщкІынум хэущІауи щытынущ. Апхэудэу щьжаІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зыхэта зэІуащІэу Урысей Федерацэм экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министр Ресштиков Максим Іуащьхьэмахуэ лъапэ щІригъэкІуэкІам. Кьызэзэуэхэм абыкІэ хъыбар яригъэщІащ Кавказ.РФ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Юмшанов Андрей, гъэм и зэман псоми лажьэ «Іуащьхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм и зыужьыкІэм и гугъу щищІым.

Іуащьхьэмахуэ лъапэ зыщщызыужь курортым УФ-м и Правительствэм кьызыщІ гулъытэм хэхъуэ зэрытщ. АтІэмри, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм зыщщызыгъэпсэхуну кьакІуэхэм я бжыгъэр кІуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъурр нэрылъагъуэ.

«Апхэудэу, гъэ блэкІам бгыжь уардэм и Іэхэлъахэм туристу щыІам я бжыгъэм процент 27-кІэ хэхъуащ (щыкІуэ мин 730-рэ), абы итэ ита илъэсым елъытауэ. ИлъэсыщІэ махуэхэр кьэтщтэнщи, мыбдеж зыщагъэпсэхуащ цІыху мин 43-м нэблагъэм. Ар нэгъабэрейм едгъапщэмэ, Іыхьэ щанэкІэ нэхъыбэщ. БжыгъэР мымащІэми, мы щІыпІэм туристхэр кьебщэлІэныкІкІэ хуэзфІэкІыным ар ауэ жьыжьэуи нэблагъэркъым. АтІэми, «Іуащьхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэр ди къэралым щынэхъ инхэм икІи щынэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщщ. И зыужьыкІэм тетщІыхьмэ, Іуащьхьэмахуэ лъапэ нэхъри зыщщызыубгъуну курортым 2026 гъэм ирихьалІэу цІыху мелуаным нэблагъэ хъекІуэлІэф хъунущ. Абы дынэсмэ, шэч кьытетхъэркъым, дуней псом щыщІэрыІуэ курортхэм Іуащьхьэмахуэ лъапи хабжэ зэрыхъунум...», - щьжиІащ а зэІущІэм Решетников Максим.

Юмшанов Андрей кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ мы зэманым Іуащьхьэмахуэ и джабэ нэкІуэхэм зэрыщекІуэкІым. Ар хуэдэу, метр 3500-рэ зи лъагагъ щІыпІэр зи щІэдзапІэ лыжэ къежэхьпІэхэр, ищІэжьей мардэхэм нэхъри хуэкІуэу, кьагъэщІэрэщІэж.

2023 - 2024 гъэмэ я щІымахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзыра «лъагъуэхэм» я кІыхьагъыр километр 23-м нахусащ, километр 17-м и пІэкІэ. Абыхэм я щІэдзапІэм туристхэр нэзышэсыну яухуа кІапсэ гъэузгущІэхэри (гІыр) зэрырагъэжьэнум хуэхьэзырщ.

Зыхуагъэувыжа мардэм тетмэ, 2026 гъэм ирихьэлІэу лыжэ къежэхьпІэхэм я кІыхьагъыр, псори зэхэту, километр 35-м щІигъунущ. Абыхэм ящхьэкІэ щызэтратхъуэ щІы сэтейхэм (хуей цІыкІуэхэм) цІыхухэр дзэзышфІыну яухуэ кІэрыщІапІэщІэри (4-р) а зэманым хьэзыр хъунщ.

«Иджыри зы Іуэхушхуэ кьыштпщІыльтщ. Ар - хьэщІэкэр кьанэ щымыІэу зыщІэдгъэзэгъэн хьэщІэщхэмкІэ зыкъызэздгъэпэщыныщ. Абы техуауэ хьэхэгъэщІапхъэщ «11-м я хэщІапІэ» зыфІащу совет лъэхэнэ лъандэрэ метр 4100-рэ зи лъагагъ щІыпІэм тращІыхьауэ щыта тэхъуанэжьыщ къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ Юмшанов Андрей.

ЗэрытщІэщи, илъэс ипэкІэ, курортым и лъабжьэкІэ щыІэ станцым деж (Азау хуейм и Іэхэлъахэм) зыщызыубгъуауэ щыта бззэр щыкІур Іуахри, абы тесахэр адэкІэ нэхъ пІыдзауэ щызэрагъэпэща павильоныщІу 48-м щІагъэзэгъащ. Абы и гъунэгъу щаууа концерт гъэлэгъуаІэри сабийхэми балигъхэми нэгузегъэужьыпІэ гъэщІэгъэн, къаХуеблагъэ артистхэм я фІыгъэкІэ, зэрахуэхъуари нэрылъагъущ.

БЭРАУ Быщэ.

Ухуэныгъэ Іэнатіэр иужь къинэркъым

Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэм гулъытэ хэха щыхуащІ щыхуэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыным, кьхаэ хуэахэм щІэсхэр унэ тэмэм гъэІэпхъуэным.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ ялэ ирегъэщ ухуэныгъэ Іэнатіэр жьпІэмэ, уцыуэнукъым. 2023 гъэм а Іуэхум трагъэкІуэдащ сом мелард 39-рэ, ар 2022 гъэм ебгъапщэмэ, проценти 105-рэ мэхъу. Унэу метр зэбгъуэзнатІэ мин 559-рэ яухуащ блэкІа илъэсым, ар ипэ ита гъэм елъытауэ проценти 107-рэ мэхъу.

Инвестицэу республикэ мыльку кьыхьалъхьар проценти 102-м щІигъуащ, ахъшэкІэ зэббжмэ, сом мелард 63-рэ мэхъу. Экономикэ и ІныныкъуэкІэ уеплъмэ, ахъшэу кьыхьалъхьам и нэхъыбэр зыхуаутІыпщар ухуэныгъэмрэ мэкъумэш Іэнатіэмрэщ.

Ухуэныгъэхэм щыщу щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунущ автомобиль гъэугу километр 90 зыхуей зэрыхуагъэзэжам, гъэугум щыІэту кьыщымыкъун щхьэкІэ, ещІапхъэхэр зэфІэкІащІ, гъэугуфІгъуэхэр ягъэбыдащ, лъэс зэпрыкІыпІэкІэ, хабзэм кьызэрригъэувым тету, ягъэпсащ, щыІналъэ, щІыпІэ гъэугу километр 80-м щІигъу ящІащ, зэрагъэзэхуэжащ, кьызэрагъэпэщыжащ Іуэхущапіэ 80-м щІигъу, абы хохьэ курыт еджапІэ 16-р, спорт пэш 13-р, республикэ онкодиспансерыр, узынщагъэр щрагъэфІакІуэ Іэхущапіэ 8-р, щэнхабзэмкІэ уни 7-р, спорт комплексыр, псыхъумапІэ, зэхуэхьэсыпІэ 16-р, гъэзугущІэу 33-р. А псом кьищыкІэмышІащэу, жьлагъуэ зэхуэсыпІэу, пщІантІэу 157-рэ кьагъэщІэрэщІащ.

ШЫПШ Даянэ.

ЩІыхуэр дапщэщи пшыныжьыгъуейщ

«Россети Северный Кавказ» АО-м и пресс-Іуэхущапіэм иджыблагъэ къызэриратамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхущапіэхэм электрокъарууэ къагъэсэбэпам пэкІуэ зэхъуэ ящІыту зэттрагъэхьэр нэгъабэ нэхъыбэж хъуащ. 2024 гъэм и пэщІэдзэ махуэхэм ар сом мелард 1,9-м нэсащ. ЩІыхуэ нэхъыбэу зытелъыр Налшык къалэм и «Водоканал»-мрэ псы хуабэкІэ щІыхуэхэмрэ Іуэхущапіэхэмрэ къызэзыгъэпэщ Іэнатіэмрэщ.

«НАЛШЫК Водоканал» МУП-м нобэкІэ щІыхуэу тельщ сом мелуани 156-рэ, «Налшык хуабжкІэ кьызэзыгъэпщ» МУП-м - сом мелуан 277-рэ.

2024 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу электрокъарууэ кьагъэсэбэпам пэкІуэу дебитор щІыхуэу ятелъыр сом мелард 1,9-рэ мэхъу», - дыкъэщІоджэ пресс-Іуэхущапіэм кьита тхыгъэм.

КъызэрыхагъэщІымкІэ, ЖКХ-м и Іуэхущапіэхэм щІыхуэ щІызэтрагъэхьэр Іуэхутхъэбзэр кьызыкІэщІэм пэкІуэ ахъшэр и чэзум ятыным зэремылІапІэрщ. Абы кьыдэкІуэу, хабзэ хъуауэ, щІыхуэшхуэ зытелъхэм банкроту зрагъэхэри, ижьжьІэ я Іуэхущапіэр и лъабжьэу ныгъэщІ кьызэІуахьыж. АдэкІэ, наІуэу зэрыщытщи, электрокъарууэ ягъэсым пэкІуэр аргуэрыжьу ямытурэ, щІыхуэм зэтрихьэн щІедзэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Перс усыгъэм къыхэлыдыкІа

«Ныбжьыщхуэ ирикъуахэм» я мыгъэрей сатырыр иджырей Ираным, пасэрей картэхэм Хорасан щІэмкІэ ита къалэм кьыщрегъажьэ. Араш кьыщыкъуар персыбзэм и усыгъэм зи цІэр нэхъ ину кьыхэлыдыкІэхэм яз усакІуэ Джами Абдурэхьмэн. УсакІуэ Іэзэр 1414 гъэм (илъэс 610-рэ ипэкІэ) Торбете-Джам къалэ щІыкІым, таджик унагъуэм дунейм кьыщыхтехьауэ щытащ.

ГЕРАТ, Самарканд къалэхэм щІэныгъэ щызэрыгъэгъуэта нэужь, Джами Абдурэхьмэн Іэбу Саид жьыхуаІэ тепщэм и сэрейм лэжьэн щыщІидзэри, и ипэрей усэ тхылъхэри зыхуигъэфащар и унафэщІырщ. Усыгъэм и хъугъуэфІыгъуэу кьалъытэ кьащидзэр, газелхэр, рубаихэр – сыт хуэдэ усэбзэми хуэзэрыуэу щытащ Джами. Езыми усэ зэхэлъхэмкІэ хабзэхэм ятеухуауи лэжьыгъэ куэд иІэщ.

УсакІуэм и пщІэм иджыри псэууэ зиубгъури, Уэсмэн къэралыгъуэми нэсат. Пащтыхьхэм усыгъэм пщІэшхуэ хуащІу зэрыщытар кьыхощыж Джами епха хьэбарыр. Тырку сулътІан Фатихь Мэхьмэд и сэрейм усакІуэхэр щызэхуэсауэ зыгуэр щхьэкІэ зэдауэзэрти, языхэзым кьыхилъхьащ я упщІэр Джами хурагъэхьу, и еплЫкІэр кьащІэну. Арати, Джами абыхэм папщІэ тхыгъэ кІыхь, псори щызэпэкрыхауэ, итхри, кьахуриГзэхьжжаУэ щытащ. «Юсуфрэ Зулейхэрэ», «Лейлэрэ Мэджнунрэ», «Сапэмэнрэ Абсалрэ»... Куэд мэхъу Джами зэрыщІэрыІуэ тхыгъэ нэхъ инхэри. ЩІыхубзм гукІэ ящІэу яІурыльщ абы и усэ кІэщІкъу жьлэм щилъагъу Іуэху зэхуэмыхьхуэм ятриусыхьахэр. Адыгэбзэм кьидгъэзэгъа зыбжанэри апхэудэхэм я щапхъэщ.

* * *

Еплъыт, ди Тхъэ, мы си къалэр
Кьызыхуэнэжа иныжьхэм!
Зобиниыр яфІэлыгъэу,
Тезэгъэжкъым дунеишхуэм.
Псалъэм папщІэ, кьады пашэм
Кьриджжауэ щызэхуэскІэ,
ЗыІ абыхэм яхэгъуатэт
ЖьантІэм кІуэным щымыхъэупсу.
ЩІы Іэбжьыб зэраІэщІэкІыу,
Щхьэж и къамэр кьрепхъэт,
Я бзэгу кІыхьхэр ягъэдалъэу,
Псалъэ дыджжІэ зэрэІуэт.

* * *

Сыхуейкъым сэ псалъэ кунэфкІэ
Анэдэлъхубзэр згъэпудыну.
Щынэкъэрабгъэри щІыпІэри
Сэ згъэгушхуауэ зэхэпхынкъым.
Ущие пщІэнщэкІэ къалэмым
И пэр Іубгуэныр зэщхьыр пщІэрэ?
Налкъутналмэс Іэбжьыбыр кьапщтэу,
Куэнщыб идзыпІэм щипкІытыныщ.
КъысфІэмыІуэхуІауэ, къэзжьыхэу
ЗгъэкІуащ си гъащІэм и Іыхьэфі,
А махуэхэм сакІэлъыІэбэу,
Сымыпсэуащэрэт, сыпІэху!
Ныбжьыр кІуэтэхуКІэщ тхэн Іэзагъым
Щэхуу ихъумэр наІуэ щыхъур,
Си гур зэрыгъым бзагуэ сищІу,
Си нэкІым нэпсэр кьэпсынъэх.
Кьафрэ Кьафрэ я зэхуакум
Щизщ икъухьауэ псалъэ губгъуэ,
ИтІани, макъ зэгъэзэхуэным
Кьысхуохуэ си лъэр щыщІигъэжу.
Жьгъыруэхэр,жьгъыжьгъхэр,зэщІэжьыуэр
Іуэху цІыкІуэкІым Іэзэу кьыхэпхыныр -
Жьыбгъэр Іэ пщІанэм хуэзубыдыну?
ПІъэкІмэ, кьамылыр башу гъэм!
Арати, схуэмышІчыжьыхэжу,
ЖьзоІэ мыхэр си тхэныгум:
«Си фэр тыбох уэ жэщи махуи,
Бзэм хуэлІыщІэнщи икъукІэ гугъущ.
Зэхэслъхьа тІэкІым сетхъыщІаУэу,
Сатырзэ1ІущэУ сомь си гъащІэр.
ДяпэкІэ щымУ сыпсэнущ,
УэрэдкІэ укъысщымыгугъ!»
«Хьэуэ, Джами! - къоІу и жэуапыр, -
Щэху пІъапІэхэм уемыльэпауэ!
Уэ зырщ а фІыгъуэм и хуэмакІуэр,
Сэ згуэш къудейщ ар, уэ уотхыр!»

КЪУДЕЙ Іэминэ.

Саугъэт лъапIэр къыхуагъэфащэ

Театрхэм я урысейпсо зэпеуэу «ЩIэныгъэ» зэгухьэныгъэм иджыблагъэ къызэригъэпэщам и лауреат хъуащ КъБКъУ-м и «Занавес» студент театрыр. Ар къыхуагъэфэщащ «Трудный экзамен» спектаклым папщIэ.

АСТРАХАНЬ щыпсэу драматург Искалиевэ Гульнарэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Трудный экзамен» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр гуп 2000-м щигъум ягъэуваш. А лэжьыгъэр щIалэгъуалэм яхуэгъэза пьесэ нэхъыфIу къыщалъытат «Знание. Театр» урысейпсо зэпеуэм.

Курыт еджапIэр къззыухэм Iэщ1агъэ яхуэхъуныр кхыхахьи зэрыхуейрщ сюжетым лъабжьэ хуэхъуар. КъБКъУ-м и «Занавес» театрым и «Пересмешник» школ-студием и гуп нэхъыжьым хэтхэм я лэжьыгъэм лIыхъужь нэхъыщхьэм и роль щызыгъэзэщIар Борсэ Дамирщ. Пьесэм хэт ныбжьыщIэр зрихьэлIа Iэхуу зэIумыбзэхэр кьигъэльэгъуэныр Дамир апхуэдэу кьеГугъуэкIакъым.

Зы мазэм къриубыдэу ягъэуваш а спектаклыр икIи КъБКъУ-м и театрым еянэ лъэхэнэр а лэжьыгъэмкIэ кьызэIуахащ.

- Театрым и лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ студентхэм гуапагъэм, цIыхухэм, хэку лъагъуныгъэм я щапхъэхэр ивогъэлъагъу. Апхуэдэщ «Трудный экзамен» лэжьыгъэри. Иджыри ехъулIэныгъэ куэд фIи1ну сыныв1ох1ухэу! - жи1ащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор Дыкъынэ Андзор, «Занавес»-м и художественнэ унафэщI Дохъушокъуэ Мадинэ щIыхь тхылъыр щритыжьим.

«Занавес» театрым и лэжьыгъэхэм ящыщщ Шекспир Уильям и «Ромео и Джульетта» трагедиер, Гоголь Николай и «Ревизор», Куни Рей и «Плохие парни» спектаклхэр.

«Трудный экзамен» спектаклыр ягъэуваш сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я «Пэрытхэм я зэщIэхъеенныгъэ» зэгухьэныгъэм и «Школьная классика» урысейпсо Iуэхум икIи иткIэ. «Знание. Театр» Iуэхур ягъэзащIэ Борсэ Дамирщ. Пьесэм хэт ныбжьыщIэр зрихьэлIа Iэхуу зэIумыбзэхэр кьигъэльэгъуэныр Дамир апхуэдэу кьеГугъуэкIакъым.

Зы мазэм къриубыдэу ягъэуваш а спектаклыр икIи КъБКъУ-м и театрым еянэ лъэхэнэр а лэжьыгъэмкIэ кьызэIуахащ.

- Театрым и лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ студентхэм гуапагъэм, цIыхухэм, хэку лъагъуныгъэм я щапхъэхэр ивогъэлъагъу. Апхуэдэщ «Трудный экзамен» лэжьыгъэри. Иджыри ехъулIэныгъэ куэд фIи1ну сыныв1ох1ухэу! - жи1ащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор Дыкъынэ Андзор, «Занавес»-м и художественнэ унафэщI Дохъушокъуэ Мадинэ щIыхь тхылъыр щритыжьим.

«Занавес» театрым и лэжьыгъэхэм ящыщщ Шекспир Уильям и «Ромео и Джульетта» трагедиер, Гоголь Николай и «Ревизор», Куни Рей и «Плохие парни» спектаклхэр.

«Трудный экзамен» спектаклыр ягъэуваш сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я «Пэрытхэм я зэщIэхъеенныгъэ» зэгухьэныгъэм и «Школьная классика» урысейпсо Iуэхум икIи иткIэ. «Знание. Театр» Iуэхур ягъэзащIэ УФ-м ЩIэнхабзэкIэ и министерствэм и «Культура для школьников» проектым хихьэу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Алан аргуэру бжьыпэр еубыд

Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, «Спартак-Налшыкыр» зыхэт дивизионым щрагъэкIуэжI зэIущIэхэр и кIэм зэрынэблагъэу, «Советская молодежь» и командэм и тонджэгуэхэм ящыщу хэт нэхъыфIу къалъытами зэхигъэкIыну.

КЪЫХЭДГЪЭЩIЫЩI, «Советская молодежь» газетым щIэупщIэныгъэр иджы 29-у иригъэкIуэкIащ икIи абы хэзыгъэкIа республикэм къыщыдэкI газетитхум щамандэм тетхьхьу яIэ спорт журналистхэр, клубым и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр, ди щIалэхэм ятеуха хъыбархэр соцсетхэм щIэмыычэу къизыплъхь блогер зыбжанэ.

Журналистхэм ятепщыкIэ къапэщылъащ командэм и тонджэгу нэхъыфIу къалъытэу тхум я цIэхэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къыраIуэну. Ятепщ1эр зэратам баллитху къихьынут, етIуанэм – плI, ещанэм – щы, адэкIэ зэрыхэщIым хуэдэуэрэ. Абы нэмыщI, щIэупщIэныгъэхэм хэтхэм жа1эм хуейт командэм щIэуэ къыхьыхьа тонджэгуэм ящыщу нэхъыфIым и цIэр къалъытар.

Журналистхэм зэреупщIахэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, «Спартак-Налшыкым» и футболист нэхъыфIу журналистхэм къалъытащ командэм и капитан Хьэшыр Алан. Къыхэдгъэщащи, ильэс 26-рэ зи ныбжь щIалэм щIыпIэ журналистхэм иужьрей ильэсищ зэкIэлъыкIуэм мыпхуэдэ пщIэр къилэжьу иджыри сыхьэти 6 лейуэ къыпытщ. Жэщ-махуэ 365-рэ сыхьэти 6-рэ. А сыхьэтихыр ильэсиплIым къриубыдэу зы жэщ-махуэ (сыхьэт 24-рэ) ирокъури, мазаем зы жэщ-махуэ лей къыхохуэ (високосно1э гъэ). Ар къэзыбжари махуэгъэпсым зэхъуэкIыныгъэ хэзылъхьэжари, урым политикэ уэсщIакIуэ, дзэзешэ, тхакIуэ Цезарь Юлийщ (ди пIэхъэхэм и I лIэщIыгъуэм).

ЩIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ мы Iуэхум щхэри шынагъуэ гуэри хэлъхъуам. Нэхъ шынагъуэ дыдэу тхьдэм кьыхэщIыж щIыуэпс насыпыншагъэхэмрэ зауэхэмрэ високосно1э гъэм къыщIыхъуауи пхужьIэнукъым. Еджахэм зэрыжа1эмкIэ, а ильэсым шынагъуэ гуэр кьэхъуи хуейуэ цIыхум и фIэщ ещI, абы йожьэри, и гур хэзыгъэщI Iуэхугъуэу ильаГур ирипхыу аращ. Високосно1э гъэр адрейхэм зыкIи къащIыжьыIыркъым, зыкIи нэхъ шынагъуэкъым икIи нэхъыфIкъым. Къызэрыпщыхъущ.

ФЫРЭ Анфисэ.

НыбжьыщIэхэм яхуозэ

«Студент десант» Iуэхугъуэм ипкъ иткIэ шынагъуэрэ гуэзвэгъуэрэ кьэримыкIуэу гъуэгум тетынымкIэ ГИБДД-м иригъэкIуэкI зэIущIэхэм я зэ чэзу щызэхэтащ Налшык къалэм дэт «Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым».

АР ирагъэкIуэкIащ Госавтоинспекцэм, зи ныбжьыр балигъыпIэм нэмысахэм я IуэхугъэмкIэ инспекторхэмрэ Налшык къалэм и УМВД-м и Жылагъуэ советым хэт Фырэ Анфисэрэ.

Госавтоинстпекцэм и лэжьакIуэхэр тепсэлъэхьащ лъэсырыкIуэхэр гъуэгум зэрытет хабзэхэм, а къалэнхэмрэ я мыщIапIхъэмрэ. Зэпхърахащ лъэсырыкIуэхэм яIэщIэкI щыгуэгъэ къызэрыгуэкIэр икIи гулъытэ хэха хуащIащ балигъыпIэ имыуважэм машинэ зэрахуэну зэрыхуимытым, абы кърикIуэнкIэ хъуну гузэвэгъуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым зи чэзу зэIущIэхэр щкIуэкIащ зыгъэпсэхуГуэ мафхуэхэм. Абы къыщыхъуа гъэщIэгъуэнхэм дакъытеувыIэщ.

ДЖЭГУГЪУЭ бгъурыбгъу псоми кьызэранэкIащи, зэкIэ зэпымыууэ текIуэныгъэ къэзыхьауэ, зыри хэщIыныгъэ зимыIэр Налшык и «Спартак-Д»-м и закъуэщ. Иужьу иригъэкIуэкIа зэIущIэм ерыщу къыщыпэщIэщ еплIанэ зэрыпIэм хуэдэ щIэт, Альтуд къуажэм и «Искра» командэр. Абы зы топкIэ ефIэкIауэ аращ «Спартак»-м и етIуанэ командэр. АдэкIэ кIэлъокIуэ хъэрхъэрэгъуэм я гъуэм топ нэхъыбэ, 41-рэ, дзэзыгъэкIа, чемпионатым къэдгъэбжьыпэр щызыIыгъа, Зеикъуэ къуажэм и «Шагъдий» командэр. Ар бжьыгъэшхуэкIэ, 4:0-у, ещанэ зэрыпIэм щыт Бахъсэн и «Автозапчасть»-м и къэкIуэтIащ. Бахъсэндзсхэрщ нобэкIэ зи гъуэр нэхъ быдзу зыхъумэр - джэгуэгуибгъум топихщ хъэрхъэрэгъуэм къыхудагъэкIар.

Иджы иужьрей зэIущIэм къарикIуа бжьыгъэхэм щыгъуазэ фахуэтщIынщ: **«Исльэмей»** (Ислъэмей) - **«Имран»** (Бахъсэн) - **3:6**, **«Зэрэгъыж»** (Зэрэгъыж) - **«Мурбек-ФШ»** (Налшык) - **2:10**, **«Инал»** (Къэрэгъэщ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **0:1**, **«ХьэтIохъущыкIуей»** (ХьэтIохъущыкIуей) - **«Локомотив»** - **2:1**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **4:0**, **«ГорИс»** (Налшык) - **«МАХ»** - **0:0**.

Гъуащхьаухэм я зэпеуэм зэрыщIапашэщ Бэлагъы Руслан («Шагъдий»). Абы хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм топ 16 дигъэкIащ, АдэкIэ кIэлъокIуэ Болэ Руслан («Искра»). Ар къызэрыхэжаныкIар 7-кIэ нэхъ мащIэщ. Ещанэ увыпIэр зыныгъэр ПIуп Астемырщ («Шагъдий»). Мыбы къыпщIэтахэм я гъуэм дигъэкIар топи 9 мэхъу.

Зи чэзу джэгуГуэхэр щIэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыныщ.

Мазаем и 3-м сыхьэт 11-м щыщIэдзауэ зэдзэжьгунухэщ: «Шагъдий» - «ХьэтIохъущыкIуей», «Мурбек-ФШ» - «Ислъэмей», «Имран» - «Автозапчасть».

Тхьэмахуэ махуэм а зэманым щIидзэу зэIущIэнуэхащ: «Локомотив» - «Искра», «Инал» - «ГорИс», «МАХ» - «Зэрэгъыж», «ЛогоВАЗ» - «Спартак-Д».

ФIэщащIыгъуейщ, апэ ит командищым языхэз а джэгуГуэхэм кьыщыхэгъэщIэну. Сыту жыIэмэ, апэщIэтыну командэхэр нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщу пхужьIэнукъым. Здэщыт увыпIэхэри абы щыхьат тохъуэ. ИтIани, дыщыгуГэщIу футболыр фIыуэ зыльгъуэхэр джэгукIэ дахэкIэ арэзы ящIыну. Зэрыжа1эщи, мы спорт IуэхуГуэм телъыджэ куэд къыщохьу.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак-Д»	9	9	0	0	30-7	27
2. «Шагъдий»	9	7	0	2	41-13	21
3. «Автозапчасть»	9	6	1	2	19-6	19
4. «Искра»	9	6	0	3	23-7	18
5. «Мурбек-ФШ»	9	5	2	2	21-8	17
6. «ГорИс»	9	4	1	4	13-14	13
7. «Локомотив»	9	3	3	3	21-14	12
8. «Зэрэгъыж»	9	3	3	3	17-28	12
9. «ЛогоВАЗ»	9	3	2	4	12-17	11
10. «ХьэтIохъущыкIуей»	9	2	2	5	10-24	8
11. «МАХ»	9	2	1	6	13-23	7
12. «Инал»	9	2	0	7	5-38	6
13. «Имран»	9	1	2	6	14-27	5
14. «Ислъэмей»	9	1	1	7	12-25	4

Iуащхьэмахуэ лъапэ щызэпоуэ

«Кавказ.РФ» акционер зэгухьэныгъэм и пресс-Iуэхущ1апIэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, щIышылэм и 25 – 29-хэм Iуащхьэмахуэ лъапэм щекIуэкIащ Урысейм лыжэ-альпинизмэмкIэ и чемпионат. Абы къыхэлIащ а спорт лIэужьыгъуэмкIэ къэралым щынэхъ лъэщхэм ящыщу цIыху 60.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и ятепэ махуэм спортсменхэм къапэщылъащ лыжэкIэ Iуащхьэмахуэ дэкIыну «Поляна Азау» станцым къыщыщIадзэрэ (метр 2350-рэ), «Кругозор» станцым нэс дэкIащ (метр 3000). ЕтIуанэ махуэм ирагъэкIуэкIащ щхьэзакъуэ зэпеуэхэр икIи абыхэт хэтахэр адэкIэ дэкIащ «Мир» станцым нэсыху (метр 3500-рэ).

Урысейм АльпинизмэмкIэ и федерацэм зэрыщыжаIамкIэ, зэхьэзэхуэм хэтахэр лыжэкIэ бгым зэрыдзэкIуея-къызэрехьжам нэмыщI, абыхэм лыжэхэр щIахьуэрэ гъуэгуанэм щыщ Iыхьэр лъэсу зэпачащ, иужькIэ теувэжэрэ пащэжащ.

ЛыжэкIэ бгым дэкIуейныжмкIи, щхьэзакъуэ зэпеуэхэмкIи апэ хъуащ Камчаткэ крайм щыщ Филиппов Никитэ.

ЦIыхубзхэм я бег апэ Iыхьэм щытекIуащ Челябинск областым щыщ Зинченкэ Дарье, етIуанэм – Санкт-Петербург къалэм и лыжэ-альпинисткэ Умницынэ Иринэ.

Ипэ махуэм къыщыщIадзауэ и кIэм нэсыху чемпионатыр дагъуэншэу егъэкIуэкIыныр, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрэзэпэщыныр я нэIэ щIэтащ МЧС-м, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и МВД-м, «Iуащхьэмахуэ» курортым я лэжьакIуэхэм.

Мыбдежьым кIэщIу щыгъуазэ фытщIынщ лыжэ-альпинизмэр зищысым. Ар спорт лIэужьыгъуэщIэщ ауэ, апхуэдэу щытми, 2026 гъэм къыщыщIадзауэ Олимп джэгухэм хагъэхьэнущ. Зэхъэзэхуэхэр лIэужьыгъуитхукIэ ирагъэкIуэкI хабзэщ: лыжэкIэ бгыщхьэм дэкIуеиныжмкIи, щхьэзакъуэ, гуп зэпеуэхэмкIэ, спринтымрэ эстафетэмкIэ. Спортсменхэм я къалэнщ абы хуэщIа лыжэхэмкIэ къыршын псынщIэу дэкIыну икIи къехьажьну. Яубзыхуэ гъэгуанэр жану, хабзэхэр къызэпызымыуду зэпызымыфырыр абы щытекIуауэ къалъытэр. ЖыпIэнурамэ, спорт пIэужьыгъуэ нэхъ гугъуэхэм ящыщщ ар икIи зи Iэпкъ-лъэпкъыр псыхьахэрщ абы хьихьэфри екъулIэныгъэ къызыщыхьэри. УепIэщIэкIыныр кьыдогъанэри, хущIыхьэгъуэкIэ уэсылъэ къыршым удэкIынри къызэрымыкIуэу гугъуу.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Мелуаным щIигъу IэщIагъэкI

Урысей МВД-м Налшык къалэм щыIэ и управленэм и плъыр частым зыхуигъэзащ илъэс 91-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым. Абы зэрыжиIамкIэ, гъэпщIагъэкIэ сом мелуан 1,2-м щигъу IэщIагъэкIащ.

ЦIыхубзым и телефоным имыцIыхуэхэр зыбжанэрэ кьэпсэлъащ. Ялэм хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэ хуэдэу къыжриIащ икIи абы и банк счётхэм язым ахъшэ зэрырахамкIэ, адрейм еIуэсэну зэрахуэзфIэмыкIамкIэ хьыбар кьригъэщIащ.

АдэкIэ гъэпщIакIуэм цIыхубзыр пищIащ банкым и лэжьакIуэ хуэдэм икIи къыхуигъэуващ и счётым щихъумэ ахъшэхэр кьырихыу кьыхуигъакIуэм иритыну, «шынагъэншэ счётым» хурилъхьэн папщIэ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм пенсионерым банкиру кьыжьэIам и унафэкIэ кьэкIуа, и унэ щIыхьэпэм деж кьыIухьэу, нэхъапэм зэрызэгурыIуа «мыIэрсэ» псалъэр кьыжьэIам иритащ com 514 970-рэ.

Махуэ зыбжанэ дэкIри, абы и деж аргуэру кьэпсэлъащ финанс Iуэхущ1апIэ хуэдэм и лэжьакIуэу жызыIахэм икIи кьыхуагъэуващ банкым ахъшэ кьыхихыну. Нанэм, аргуэрыжьми, кьыхуагъэкIуам иритащ com 753913-рэ. Абы щыгъуэми кьепсалъэм Iэмал кьритакъым я псалъэмакъыр зэпиудыну, цIыхубзым ищIэ псори и нэIэм щIигъэтын мурадкIэ.

Уголовнэ кьэлъыхъуэныгъэм и лэжьакIуэхэм Iуэхуэр щызэхагъэхIым кьыщIагъэщри, ящыгъуэ ахъшэр IэщIэзы-гъэкIэхэм языр, лей зытехьам com 750-м щIигъу Iызыхар. Ар Ставрополь крайм щыщ, илъэс 19 зи ныбжь щIалэщ. Абы илэжьамкIэ зиумысжащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Гу зытъытапхъэ

Урысейм и ФСБ-м и Гъунапкъэр хьумэнымкIэ и управленэу КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм щыIэм медицинэм и лэжьакIуэхэр кьещтэ, контракткIэ дэз кьулыкъым игъэкIуэну.

Iуэхум теухуа хьыбар кьыщыфрщIэ хъунущ мы хэщIапIэм: Налшык къалэ, Къэбэрдей уэрам, 192.

Телефоныр: 8 (8662) 91-83-08.

● Хьэлэмэтщ

Щхьэ нэхъ кIэщI мазаер?

Дэтхэнэ зыри егупсысауэ къыщIэкIынщ мы Iуэхум: адрей мазэхэр махуэ 30 е 31-рэ щыхъукIэ, мазаер щхьэ махуэ 28-рэ е 29-рэ фIэкIа мыхъуэ? Сыт ар а мазэм къыщIыпIысар? Хьэмэрэ, илъэсиплI къэсыху щхьэ мазаем зы махуэ къыщIагъуэр? А упщIэхэм я жэуапыр къыщохьэ зэман жыжьэм...

ПАСЭРЕЙ цIыхум зэманыр зэрыпибжьыкIыу щытар жэщмахуэкIащ. ИужькIэ ар егупсысащ зэманыр нэхъ кIыхьыжу кьыубж зэрыхъум: щIымахуэм гъатхэкIэ, гъатхэм гъэмахуэ хуабэкIэ, гъэмахуэм бжьыхьэкIэ зихъэжэрэ, бжьыхьэр икIмэ, щIымахуэм кьыззригъэзэжьым. Апхуэдэу кьэунэхуащ иджыри зы мардэ – илъэсыр. Жэщ-махуэмрэ илъэсымрэ зэманышхуэ я зэхуакIу дэпът, гъащIэм и кIэкIэр кьырибгъэлъэгъуэныи, а тIум я зэхуакIур иджыри пIалъэ-пIалъэкIэ зэпыудын хуейуэ къыпытэри, пасэрейм къигупсысащ гъэр гъатхэу, гъэмахуэу, бжьыхьэу, щIымахуэу зэпиудыжыну.

ЦIыхум нэхъыбэ кьыгуфIыуэ хуэ нэужь, мазэм кIэлъыплъыкIэрэ, ар жэщ-махуэм бжьыгъэ пыухыкIакIэ хэхъуэу, аргуэру мазэщIэ кьыкъуэкIыу гу льитащ. Абдежым зэманыр мазэкIэ кьыуубж зэрыхъур кьагурыIуащ.

Апхуэдэу, пасэрей Алыджыкъэ Урымыкъэ кьыздэщащ мазипщIу зэхэлъ махуэгъэпсыр. Ар жэщ-махуэ 304-рэт зэрыхъур икIи гъэр гъатхэпэ мазэрат щыщIидзэр. Ауэ, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 700 гъэм ирихьэлIэу, мы Iуэхум теухуауэ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр иригъэкIуэкIащ Пасэрей Урымым и пащтыхь Помпилий Нумэ. Абы илъэсыр мазэ 12 (махуэ 365-рэ) иригъэкIуащ, щIыщIылэмрэ мазаемрэ кьыхиГъахьэри. А махуэгъэпсым и мазэ 11-р махуэ 29-рэ е 31-рэ ирикIуу зэхагъэуват (зэпымыбж бжьыгъэхэр насыпыфIэу кьалъытэрт), ауэ иужь дыдэу кьагупсыса маузэм - мазаем - махуэ 28-рэ фIэкIа хэттэкIыж. НэгуэщIуи хьунутэкIыж, сыту жыIэмэ, ЩIыр Дыгъэм зэ кьеIуэкIыным (илъэсым) жэщмахуэ 365-рэ ихьырт, а мазэхэр зэпэмыбжу мазэ 11-м трагуэшат.

Дэнэ кьыкIа-тIэ, илъэсиплI кьэс мазаем лейуэ кьыхэхъуэ зы махуэр?

Мы упщIэм и жэуапыр кьэдгъуэтын папщIэ, зы илъэсым жэщ-махуэ дапщэ хэтми къэббжьын хуейщ. ДощIэ, ар жэщ-махуэ 365-рэ мэхъу! Пэжщ. Ауэ а бжьыгъэ иджыри сыхьэти 6 лейуэ къыпытщ. Жэщ-махуэ 365-рэ сыхьэти 6-рэ. А сыхьэтихыр илъэсиплIым къриубыдэу зы жэщ-махуэ (сыхьэт 24-рэ) ирокъури, мазаем зы жэщ-махуэ лей къыхохуэ (високосно1э гъэ). Ар къэзыбжари махуэгъэпсым зэхъуэкIыныгъэ хэзылъхьэжари, урым политикэ уэсщIакIуэ, дзэзешэ, тхакIуэ Цезарь Юлийщ (ди пIэхъэхэм и I лIэщIыгъуэм).

ЩIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ мы Iуэхум щхэри шынагъуэ гуэри хэлъхъуам. Нэхъ шынагъуэ дыдэу тхьдэм кьыхэщIыж щIыуэпс насыпыншагъэхэмрэ зауэхэмрэ високосно1э гъэм къыщIыхъуауи пхужьIэнукъым. Еджахэм зэрыжа1эмкIэ, а ильэсым шынагъуэ гуэр кьэхъуи хуейуэ цIыхум и фIэщ ещI, абы йожьэри, и гур хэзыгъэщI Iуэхугъуэу ильаГур ирипхыу аращ. Високосно1э гъэр адрейхэм зыкIи къащIыжьыIыркъым, зыкIи нэхъ шынагъуэкъым икIи нэхъыфIкъым. Къызэрыпщыхъущ.

ФЫРЭ Анфисэ.

«Спартак-Д»-р зэрыхэщIыныгъэншэщ

● Футбол

«Зэрэгъыж» (Зэрэгъыж) - **«Мурбек-ФШ»** (Налшык) - **2:10**, **«Инал»** (Къэрэгъэщ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **0:1**, **«ХьэтIохъущыкIуей»** (ХьэтIохъущыкIуей) - **«Локомотив»** - **2:1**, **«Искра»** (Альтуд) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **1:2**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **4:0**, **«ГорИс»** (Налшык) - **«МАХ» - 0:0**.

Гъуащхьаухэм я зэпеуэм зэрыщIапашэщ Бэлагъы Руслан («Шагъдий»). Абы хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм топ 16 дигъэкIащ, АдэкIэ кIэлъокIуэ Болэ Руслан («Искра»). Ар къызэрыхэжаныкIар 7-кIэ нэхъ мащIэщ. Ещанэ увыпIэр зыныгъэр ПIуп Астемырщ («Шагъдий»). Мыбы къыпщIэтахэм я гъуэм дигъэкIар топи 9 мэхъу.

Зи чэзу джэгуГуэхэр щIэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыныщ.

Мазаем и 3-м сыхьэт 11-м щыщIэдзауэ зэдзэжьгунухэщ: «Шагъдий» - «ХьэтIохъущыкIуей», «Мурбек-ФШ» - «Ислъэмей», «Имран» - «Автозапчасть».

Тхьэмахуэ махуэм а зэманым щIидзэу зэIущIэнуэхащ: «Локомотив» - «Искра», «Инал» - «ГорИс», «МАХ» - «Зэрэгъыж», «ЛогоВАЗ» - «Спартак-Д».

ФIэщащIыгъуейщ, апэ ит командищым языхэз а джэгуГуэхэм кьыщыхэгъэщIэну. Сыту жыIэмэ, апэщIэтыну командхэр нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщу пхужьIэнукъым. Здэщыт увыпIэхэри абы щыхьат тохъуэ. ИтIани, дыщыгуГэщIу футболыр фIыуэ зыльгъуэхэр джэгукIэ дахэкIэ арэзы ящIыну. Зэрыжа1эщи, мы спорт IуэхуГуэм телъыджэ куэд къыщохьу.

ШАФИЙ Аслъэн.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кIуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьныбжьэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суРэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.530
Заказыр №174

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытехъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуэу зэпытщ щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкI и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, корректорхэу **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Загирэ** *(2, 3-нэ нап.)*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Суратхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыт радзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рэ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.